ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛІЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№40 (22.448) • 2013 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 2, щэбэт • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр сомИ 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТымрэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

● КъБР-м и Парламентым

Хабзэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ, я нэгъабэрей лэжьыгъэм хоплъэж

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар республикэм и хабзэгъэуэ Іэнатіэ нэхъыщхьэм и зи чэзу зэІущІэр мазаем и 28-м ирегъэкІуэкІащ. Абы Іуэхугъуэ 40-м щІигъуи щыхэплащ.

ЗЫТЕПСэлЫХЬНЫУХэР ягъэбелджыла нэужь, Парламентым и Лэжьыгъэр зэмэлыагъэкІуэныжьэ, регламентымрэ депутат щэнхабзэмкІэ и комитетым кЫхилъхьэри, «КъБР-м и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхуитіэ» Законым и 4-нэ статьям и яп Іыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткІэ, «Захуагъэ зДэщыІэ Урысей» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм кЫыбгъэдэкІыу республикэм хэхьапІэ округ зэгуэтым Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым и депутату щыхаха **Логвиненкэ Игорь** и кьалэнхэр и пІалъэр къэмысу щхьэщхьащ икІи зыхэта комитетхэм кЫыхасЫыжащ. Апхуэдэу КъБР-м и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ, Къэбэрей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Йуан Анатолэ** Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щэныгъэмкІэ, ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хьуэмэныкІэ и комитетхэм хагъэхьащ.

КЫыкІэлЫкІуэу депутатхэр хэпльащ Бахьсэн мунципальнэ районым и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и кЫулыкъым ягъэувынур кЫыхэхЫныжкІэ зэпеуэ езыгъэкІуэкІыну комиссэм хагъэхьэнухэм теухуауэ республикэм и Іэтащхьэм кЫыхилъхьа Іуэхугъуэм, «Урысей Федерацэм щыпІэ унафэр зегъэкІуэныр зы хабзэм тету кЫзэрыщызэрагъэпэщ щыкІэм и Іуэхуитіэ» Федеральнэ законым и 37-нэ статьям ипкъ иткІэ, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кЫуздэз - Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэм и Администрацэм кЫзрал кЫулыкъым, кадрхэмрэ щыпІэ самоуправленэмрэ я Іуэхухэмкіэ и кЫудамэм и тхЫэмадэ **Власов Александр**, республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Кьуэшырокъуэ Залым**, КъБР-м и Парламентым Промышленностымкіэ, Гъэсэгъэ хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ и комитетым и Іэтащхьэ **Кьуэщ1ысокъуэ Юрэ** сымэ Къэбэрдей-Балькъэрым и кЫзрал властым и Іэнатіэхэм кьабгъэдэкІыу зэпеуэр езыгъэкІуэкІыну комиссэм хагъэхьащ.

КъБР-м и Конституцэм зэгъэзэхуэжьныгъэхэр, республикэм и законодательнэ акт щхьэхуэхэм, Къэбэрдей-Балькъэрым ЩІымкІэ и кодексым и 5-нэ, 22-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хальхьащ, фадэхэкІ кЫыщІэзыгъэкІ Іэнатіэхэм кЫзралъэр зэрыдзэІэпкъэуну щыкІэм теухуа закон кьащтащ. Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хьуэмэныкІэ и комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлим** зэІущІэм кЫщыхилъхьащ «КъБР-м щыхур щыпсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ерыскЫыпхъэхэм я Іуэхуитіэ» законым и проектыр. А тхЫлыр ягъэхьэзыращ щыхур псэун щхьэкІэ фІэкІыпІэ имыІэу зыхуеину щхьныгъуэхэм ятеухуа законыр нэгъабэ дыгъэзаэхэм и 31 пльандэрэ зэрымылэжьэжым, апхуэдэу «Урысей Федерацэм щыпсэун папщІэ щыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ерыскЫыпхъэхэм кЫыхэ лыр, гъэщхэкІэр, джэдыкІэр, бдзэжьейр, хадэхэкІхэмрэ пхъщхьэмыщхьэмрэ нэхъыбэ ящІ, щхьнхэмкІэ мардэм нэхъ пэгъунэгъу мэхъу. Хэпльа нэужь, законым и проектыр кьеджэгъуитІкІэ кьащтащ.

ЗэІущІэм щыхэпльащ «Щыхур и хуитныныгъэхэмкІэ КъБР-м щыІэ уполномоченнэм и Іуэхуитіэ» законым и 5-нэ, 6-нэ, 9-нэ, 19-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным теухуа законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ «Щыхум и хуитныныгъэхэмкІэ КъБР-м щыІэ уполномоченнэм и Іуэхуитіэ» 2006 гъэм щэкІуэгъуэм и 3-м кьащта республикэ закон №82-РЗ-м щыубзыхуа Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр дяпэкІэ ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ. Депутатхэр абы арэзы техьэщ. Апхуэдэу «КъБР-м и Зэзыгъэкіуэ судыщІэхэм я Іуэхуитіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 9-нэ статьям, «КъБР-м ЖылагъуэІ щынагъуэншагъэр кьыщыізэгъэпэщыным и Іуэхуитіэ», «КъБР-м щрагъэжьуэжьІ инвестицІэ лэжьыгъэм и Іуэхуитіэ» законхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хальхьащ, республикэм лизинг лэжьыгъэр зэрыдаІыгъ хабзэр кьыізэтрагъэувыІащ, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри зэпкърахащ.

ЗэІущІэм щедэІуащ 2012 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Іэнатіэр зыхуэдэм теухуауэ **Чеченов Ануар** ямІэм.

Зэхьхьэм хэтащ Парламентым и Тхъэмадэм и кЫуздэзхэу **Жаным Руслан, Саенкэ Татьянэ, Бозий Натбий** сымэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.
Сурэтыр **ІЭХЪУЭБЗЧ Илья** *трихащ.*

● Дифі догъэлъапІэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Зи макъамэр бзэрабзэ

Мазаем и 26-м Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм щагъэлъэпащ композитор гъуэгуанІэм, РСФСР-м и цыхуЕ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Кьардэн Хьэсэн и нибжькъи илъэс 90 зэрырикъуар.

ХьЭСэН и Іэдакъэ кьащІэкІащ уэрэд, романс, симфоние макъамэ кУэд, нобэ абыхэм ирогушхуэ лъэпкъри цыхуБэри. Хэку заузыкъэм хэта ди нэхъыжьыфІм и махуэшхуэри тохуэ мазаем и 23-м, Хэкум и хьуманкІуэм и махуэм. Хьэсэн ехьэхьуну, и пщІэр яІэтыну и унэ хуеблэгъаІ Правительствэм и лЫыкІуэхэр. Республикэм и Іэтащхьэм хуигъэхьа тхыгъэм итт: «ПщІэ зыхуэхтІ Хьэсэн, макъамэм и фІыпІэм нэсыфа, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ щыхэпща льагъуэм ирифэфыну цыхуХэр зыгъэхьэзыра нэхъыжьыфІм фІыщІэ пхудощІ. Уэ уи лэжьыгъэ купщафІэхэм гупсысэшхуэ ящІэльщ, гухэль, гуапагъэ, льагъуныгъэ зыхыуягъашІэ... Дигуи ди пси кЫыбгъэдэкІыу дынохьэхьуэ узынщагъэ бидэ, фІыгъуэ, ехьулІэныгъэ уиІэну». А псальхэм кьеджащ Правительствэм и Унафэщым и кЫуздзэ Портэ Галинэ. Пшыхьым кЫрыкІэпІаехэр видеокІэ ирагъэпэльащ Хьэсэн хьэщІэхэр зэрыхуеблэгъам.

Пщыхьэщхьэ дахэм, ди жагъуэ зэрыхьунщи, Кьардэныр хэтакъым, и узынщагъэм кЫхьэтэкЫыми, ауэ ар ягъэльапІэу пэшым щІэзу кьеКІуэлІат благъэІыхьлыхэри, нибжькъэгъуэхэри, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я лэжьакІуэхэри.

Пшыхьыр езыгъэкІуэкІа ХьэІупэ Джэбрэйл фІыщІэ псоми яхуищІащ, композитор пажэм и махуэр дагъэлъэпІэну кЫыізэрыкІуам папщІэ.

- Сэ си нибжькъэгъу нэхъыжьащ Кьардэн Хьэсэн, а цыху Іущым и гуащІэм, зэрыжаІэу, нэху щыхуи сытепсэлЫыжьфынуІ. КьынэмыщІауэ, сэ аращ сызэгъэзащ. Зэгуэр абы сыІумыщІамэ, фи фІэщ щуІы, мыбдеж сыщытыну сиасЫп кЫхьэныу кЫыщІэкІынтэкъым, - жиІащ Джэбрэйл. - Си япэ Іэдакъэщ Іэкіэхэм щыщ зы композитор гуэр щІэзгъэдэІуатэ, «мы Іуэхур кьэгъаніи нэхъыфІщ, щІалэ», - кЫызжиІат. Псалъэ кьудейми, сыкЫнукІа пэльытэт... Си гур кЫыщІзэрыгъуэтыжкар Кьардэным сыхуэзэа и ужиІ. Абы бдзэу жиІат, зэман дэкІмэ, а уэрэдыр нэхъ щЫрыІуэхэм ящыщ зы зэрыхьунур. Пэжт. Уэрэдыр - Тхъэгъэзит Зубер и псальэхэр зыщІэлъ, Тут Заур игъэзащІэ «Си гъатхэращ. Абы льандэрэ Хьэсэн фІыщІэ хуэсщІу сыкьогъуэгурыкІуэ, гъуэгу дахэ сызэрыригъэувам щхьэкІэ. Консерваторэм сыщыщІэсым стха си лэжьыгъэ зыбжанэ тезухуауэ щытащ си япэ егъэджакІуэм.

Абы игу зэІухам нэхугъэрэ гуапагъэрэ ящІ, а фІыгъуэхэмкІи цыхухэм ядогуашэ. А псом и щІыІужкІэ, Кьардэныр Хэку заузыкъэм и лЫхьужькъ. И кЫуэштІым ящыІагъуу ар щІэзэращІыльэпсым и кьэкІуэну дахэм. Анэ насыпыфІэт кЫэзыльхуари, лІыгъэ зыхэпІ и бынищми псэууэ Хэкум кьагъэзэкат.

Кьардэн Хьэсэнрэ Балэ Мухьэдинрэ щэнхабзэм и курыкъыр «кьатІэщІащ». Хьэсэн кІуэрт композиторыжьмкІэ дерсхэр Іэзэу езыгъэкІуэкІыу щыта музыкант, композитор, щІэныгъэлІ, цыхухэу Кушнарев Христофор и лекцэхэм. Уэрэдкіэ кЫыщІэзыдзэу щэнхабзэм кУуэу хэбжьауэ ди нэхъыжьыфІым сохьэуэхьу иджыри илъэс кУэд кЫигъэщІэну.

ХьэІупэ Джэбрэйл и гукъэкІыжхэм кЫыізэхуэсахэр щІигъэдэІуа нэужь, УФ-м и цыхуЕ артист Темыркъан Борис зи пашэ Къэбэрдей-Балькъэр кЫэрал филармонием и симфоние оркестрым игъэзэщІащ Хьэсэн и «Праздничная увертюра» макъамэр. Абы кЫыкІэлЫкІуащ «Долина счастья» симфоние поэмэри.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и Правительствэм

УнафэщІым и улахуэр зэлъытар

Мазаем и 28-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм зэІущІэ щекІуэкІащ. Ар иригъэкІуэкІащ республикэ Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэ Марыщ Иринэ. ЗэІущІэм щІидзэн и пэ кЫхуэзу, а махуэм зи ныбжьыр илъэс 55-рэ ирикъу, игъуэ нэмысу дунейм ехыжа, КъБКЪАУ-м и унафэщу щыта Жэрыкъуэ Борис кЫзэзэхуэсахэр зы дакЫикъэкІэ хуэщІыгъуащ. «Цыхур псэуф и щІэр кьаІуэхукІэ, дэ ди гум илыныщ, ди гукъэкІыжхэм кУэдрэ хэтЫнущ а цыхУ гъуэзэдкэр». - жиІащ Марыщ Иринэ. Адэкіэ Правительствэм хэтхэр ехьуэхьуащ Урысейм и МЧС-м и кьудамэу Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэм и унафэщІ Шагин Сергей республикэ Правительствэм зэрыхагъэхьамкІэ.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан** и гугъу ищІащ Урысей Федерацэм и Президентым и Унафэр КъБР-м ЩЭнхабзэмкІэ и министерствэм зэригъэзащІэм.

А унафэм ипкъ иткІэ, ди тхЫлъ хьуманІэу 48-рэ компьютери 144-кІэ кЫызэрагъэпэщри, ахэр Интернетым пащІэжащ. Абыхэм текІуэда мыпхуэр щхьэ мелуан 4-рэ мин 828-м щІегъу. 2012 гъэм федеральнэ мылькум кЫыхэкІыу сом мин 224-рэ хухахри, иджыри библиотекипщІ Интернеткіэ зэІуэзэпэщ ящІащ. Зи нэм фІыуэ имылъагъуэкъым папщІэ щыІэ библиотекэми абыхэм яхуэщІа компьютер щхьэхуэ хущІагъэуващ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).



Къалащхьэм дагъэхьэнукъым

Москва и Правительствэм и унафэ щыІэ иткІэ, гъэхуэпэм и 1-м щегъэжьауэ махуэм къалащхьэм дагъэхьэнуКъым тонн 12-м щІигъу хьэлъэзиІэ машинэхэмкІэ. МКАД гъэхуэм ахэр щызекІуэну хуиткъым сыхьэтиІум щыщІэдзауэ 22-рэ хьуу.

Ар зыпаубыдыр къалащхьэм щыпсэухэм папщІэ ерыскЫыпхъэхэр, хьэпшыпхэр, Іэмэпсымэхэр къэзыщІэхэракъым, атІэ абы кЫэущІрыкІыу нэгъэущІ щІыпІэхэм кЫэзэрущІэкІри ильэс 23-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кЫызэриТыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым 0 - 5 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 3, тхъэмахуэ

п Урысейм и МВД-м и къэрал кЫэущІдзэхэм я авиацэм и махуэ

п Болгарие Республикэм и лЫэпкъ махуэшхуэщ - уэсмэн пащтыхьыгъуэм и бжьым кЫызэрыщІэкІри ильэсэ 135-рэ зэрыриІуэр ягъэлъапІэ.

п УсакІуэ **Мысаче Петр** кЫызэраЛхъуэр ильэс 83-рэ ирокъу.

п Кинорежиссер, тхакІуэ, композитор, ЩІДААР-м и академик **Кьандур Мухьэдин** и нибжькъи ильэс 75-рэ ирокъу.

п КъБР-м щыхъ зиІэ и артист **Молей Алихьан** и нибжькъи ильэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кЫызэриТыкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 6, жэщым 0 - 2 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 4, блыщхьэ

п 1846 гъэм «Кавказ» газетым тридзащ Къаз-Джэрий «Зи щІыхьыр ин къэрал тетым и деж» и письмор.

п 1918 гъэм Тэрч ЦІыхубэ Республикэр къэунэхуащ.

п Мэкъуэмыр щІэныгъэм я доктор, КъБКЪМУ-м и профессор **КІуэкІуэ Тэлэдин** и нибжькъи ильэс 73-рэ ирокъу.

п Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессор **Щодкэн Вячеслав** и нибжькъи ильэс 71-рэ ирокъу.

п Радиожурналист **Хьэмту Кьазир** и нибжькъи ильэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кЫызэриТыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым 1 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхъэзыр **ЖЬЭХЭМІХЬУ Марин.**

2011 гъэм и кІэм ирихьэлІэу Александр иЭт гривнэ мелардрэ медуан 709-рэ. Ильэс кІуам абы и мылькур нэхьыбэж зэрыхьуар гурыІуэгъуэщ.

МЫ МАХУЭХЭМ

Гъатхэпэм и 2, щэбэт

п 1563 гъэм Грозный Иванрэ Гуащэнэрэ (Марием) я куэ Василий кьалъхуащ.

п 1911 гъэм Пятницкэм и хорыр япэу зытыу кЫхьащ.

п Тхыдэдж, Кавказым и этнографэ, адыгэхэм ятетхьыхьа **Люлье Леонтий** кЫызэралъхуэр ильэс 208-рэ ирокъу.

п СССР-м и япэ икІи и нужьрей президент **Горбачев Михаил** и нибжькъи ильэс 82-рэ ирокъу.

п Адыгей усакІуэ, Совет Союзым и ЛЫхьужь **Андырхьуей Хьусен** кЫызэралъхуэр ильэс 93-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кЫызэриТыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 6, жэщым 0 - 5 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 3, тхъэмахуэ

п Кинорежиссер, тхакІуэ, композитор, ЩІДААР-м и академик **Кьандур Мухьэдин** и нибжькъи ильэс 75-рэ ирокъу.

п КъБР-м щыхъ зиІэ и артист **Молей Алихьан** и нибжькъи ильэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кЫызэриТыкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 6, жэщым 0 - 2 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 4, блыщхьэ

п 1846 гъэм «Кавказ» газетым тридзащ Къаз-Джэрий «Зи щІыхьыр ин къэрал тетым и деж» и письмор.

п 1918 гъэм Тэрч ЦІыхубэ Республикэр къэунэхуащ.

п Мэкъуэмыр щІэныгъэм я доктор, КъБКЪМУ-м и профессор **КІуэкІуэ Тэлэдин** и нибжькъи ильэс 73-рэ ирокъу.

п Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессор **Щодкэн Вячеслав** и нибжькъи ильэс 71-рэ ирокъу.

п Радиожурналист **Хьэмту Кьазир** и нибжькъи ильэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кЫызэриТыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым 1 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхъэзыр **ЖЬЭХЭМІХЬУ Марин.**

Лъэпкъ Іуэхугъэ:

Зэхэшэ шэбэщ.

Іуэху дахэм и къежьапІэ

● Хъыбар гуапэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Налшык къалэ дэт 12-нэ курыт еджапІэм дыгъуасэ Іэтауэ къыщыізэІуахащ художественнэ гимнастикэмкІэ центр. Пщащхэм папщІэ щыІэ а спорт лІэужьыгъуэмкІэ центр щхьэхуэр къыщыізэІуахьм къыщыізэпащ КъБР-м и Іэнатіэм и щхьэгъусэ Къанокъуэ Фатіимэ, министрствэхэм я лЫкІуэхэр, егъэджакІуэхэр, адэ-анэхэр.

ХьЭЩІЭХЭР школым и щыхьэпІэм деж къыщыізэІуа теувыІэри, еплъащ школыр къэзыхуаху иджы кЫулыкъу зэхуэмыдэщІэ пэрыт, республикэм щыщІэрыІуэ щыхухэм я сурэтхэм. Быным фІэІуты школым и щІэр фІыкІэ зыгъэІу, унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зэпеуэхэм щытекІуэ, фІыуэ едж ныбжьыщІэхэм я сурэтхэри.

Художественнэ гимнастикэмкІэ щагъэсэну, абы папщІэ зыхуеинуХэмкІэ фІыуэ кЫызэгъэпэща спорт пэшым и щІыхьэпІэм ищІа ленті плъыжьыр Кьанокъуэ Фатіимэ зэпиупщІа нэужь, хьэщІэхэр пэш хуитышхуэм ирагъэблэгъащ. Абыхэм фІэхъус псальэкІэ захуигъэзащ 12-нэ курыт школым и унафэщІ **Шыгъушэ Асланбэч.** Абы кЫыхифъэщащ Налшык къалэ нэхъыжь дыдэу дэт школхэм ящыщ зым, егъэджэныгъэ лэжьыгъэм кЫыдзэкІуэу, Іуэхуфі куэд зэрыщІэзгъэфІагъэкІыр, иджы художественнэ гимнастикэмкІэ дерсхэри зэрыщІекІуэкІыну.

- Хуабжьу си гуапэщ мыпхуэдэ Іуэху дахэ сызэрыхэтыр, - жиІащ **Кьанокъуэ Фатіимэ.** - Сабийхэм я зыужьныгъэм тебгъэкІуадэ кьарур зэи пщІэнщэ хъуркъым. Нобэ сабийхэр щагъэсэну кЫыізэІуах центрыр икъукІэ щхьэпэ хъуну кЫызольытэ. Узышащъ кЫызэрыхухьынум нэмыщІи, гимнастикэр сэбэп хъунущ хЫыджэбз щІыкІым и Іэпкъльэпкъыр дахэу щытынымкІэ, и гупсысэм знужьныжьмкІэ, нэгъэущхэмкІи. Сэ сызэрепльмкІэ, пщащ кУэдым жэрдэм кЫакъуэкІынущ мы центрым къэкІуэну. Си фІэщ мэхъу мы школым дяпэкІэ кЫыщІэкІыну сабийхэм республикэм, къэралым, дуней псом зи щІэр фІыкІэ щызыгъэІунхэр къаэзрыхэмкІынур. Ди гъащІэм гуапагъэ, макъамэ, насып нэхъыбэ хэтыну Тхъэм жиІэ. Абы щыгъуэм мыхъумыщІагъэмрэ залымыгъэмрэ дунейм лей щыхъунущ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Семэн Пщыкъанрэ** КъБР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министрым и кЫуздзэ **Улаков Юсупрэ** бысымхэм ехЫуэхЫуащ икІи жаІащ а министерствэхэм сыт и лЪэныкъуэкІи зыкъыізэрыщІагъэкъуэнур.

ЗэІущІэм къыщыпсэльащ 12-нэ курыт школыр къэзыхуа Іэмэпсымэ. Абы Іэмаз къуэт хьэрпшым кЫкІыу щыщІэрыщІагъэкъуэнур.

ЗэІущІэм къыщыпсэльащ 12-нэ курыт школыр къэзыхуа Іэмэпсымэ. Абы Іэмаз къуэт хьэрпшым кЫкІыу щыщІэрыщІагъэкъуэнур.

Дмитрий Джэгухэм я чемпион **Кьардэн Мурат:**

- Ильэс кУэд и пэкІэ къэзуха школым мыпхуэдэ ІуэхуитІ сыкъызэрыкІуар хуабжьу си гуапэщ. Спортыр сыт щІэныгъэ щыІэ гъащІэм хэтын хуей Іуэхуу ясыщІокъу. ИкІи хЫыджэбз щІыкІуэр кУэду абы зэрыхэмыхьэр сигу къеУэрт. А хэт мащІэри атлетикэ хьэпІэмрэ бэнэныгъэ дихьэхыу арат. Иджы икъукІэ Іэмалыфі диІэ хуащІ ди пащащхэр Іуэху дахэм дедгъэхьэныныкІэ.

Адэ-анэхэм я кЫабгъэдэкІыу **Къэрэгъуэ Хьусен** фІыщІэ яхуищІащ кЫрахьэжьа Іуэхуитіэ закъыщІэ зыгъэнэхьэ псоми.

ЗэІущІэр ягъэдэхащ художественнэ гимнастикэм зыхуэзыгъасэ цыкІуэхэм, школым и уэрэдыкІакІуэ, къэфакІуэ ныбжьыщІэхэм.

НЭЩЭПЫДЖЭ Замир.

Ди къуэш республикэхэм

Ильэс 20-р ягъэлъапІэ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Парламентыр къызэрызэрагъэпэщрэ ильэс 20 ирикъуащ. Абы теухуауэ Къэрал Советым - Хасэм махуэшхуэ зэхьхьэ щекІуэкІащ.*

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ Адыгейм и Іэтащхьэ ТхьэкІуэшынэ Асльэнджэрий, республикэм и яп президент Джарым Асльэн, къулыкъущІэхэр, Краснодар крайм и лЫкІуэзэр.

ЗэІущІэр езыгъэкІуэкІа хабзэгъэуэ Іэнатіэм и унафэщІ Нарожный Владимир къызэхуэсахэм махуэшхуэмкІэ екъуэхьэри, щІыхь дамыгъэхэр зыхуагъэфащэхэм яритащ. «Адыгей Республикэм и Къэрал Совет-Хасэ. Ильэс 20» фэеплъ дамыгъэр щІыхутхум хуагъэфащащ. Абыхэм ящыщІ ТхьэкІуэшынэ Асльэнджэрийрэ Джарым Асльэнрэ.

Шынагъуэр къахутэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм щыІэ РДН-м и астрофизикэ лабораторэ щхьэхуэм хьэршым къикІ шынагъуэхэр къэзыхутэ Іэмэпсымэ щагъэуващ.*

ЕДЖАГЪЭШХУЭ гупым ягъэхьэзыращ уэгум уэзрыкІэлъыплъ Іэмэпсымэ. Абы Іэмаз къуэт хьэршым кЫикІ шынагъуэхэр къэхутэныжьмкІэ. Къарууншхуэ зиІэ камерэхэм-кІэ зэхэтэуува Іэмэпсымэм псынщІэу кЫыхутэфынущ. ЩІым гъунэгъу кЫыхуэхъу пкЫыгъуэр, ар щехуэхьыну щІыпІэмрэ зэманымрэ иубзыхунущ, икІи, абыхэм шынагъуэ ящыІэм, хЫыбар кЫитынущ.

Тамбиев Руслан хахыж

Дыгъуасэ КъШР-м и щыхьэрым и депутатхэм зэдзэрэзыуэ Черкесск къалэм и Іэтащхьэу хахыжащ Тамбиев Руслан.

А КЪУЛЫКЪУМ зэрыпэрытынум теухуа зэгурыІуэныгъэм и пІалъэр зэрикІам кЫыхэкІы, Тамбиевыр щІышхьэм и І-м кЫулыкъум пэрыкІащ. Иджырей зэпеуэм щІыхуипІ хэтащ. Комиссэм Тамбиевыр кЫыхихащ икІи къалэм и Іэтащхьэ кЫулыкъур аргуэру дзыхь хуищІащ. Абы ильэситхукІэ зэгурыІуэныгъэ иращІыкІащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

■ ЗэІущІэхэр ■ Фэеплъ ■ Дифі догъэлъапІэ ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Тхылъыщ1э ■ Щэбэт къыдокІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Унафэщlым и улахуэр зэлъытар

(КIэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Театрхэм я гугъу щищlым, Фырэм жиlащ Музыкэмкlэ, Щоджэнщlыкlу Алий, Горький Максим я цlэхэр зезыхь театрхэм эпеуэм хэту гранту сом 500 дэтхэнэми зуэззу кыэзрахьар. Абы кьищыкlэмыщlауэ, гъуэзджэмрэ литературэмкlэ саугъэтхэрэр ящъыхьуащ. Театрым зрагъэужьын гуращэкlэ, Iуэхущlэ яублащ - иджы ди артистхэм кьэралзэмылlэужьыгъуэхэм, ныкlэ щхьэхуэхэм зыкьыщагъэлъэгъуэну Iэмал яlэнущ.

- Щыхум и узыншагъэр зыхъумэ хьэл-щэнхэр яхэлъхьэным, фадэм, афиящым кьиль тхьэмыщкlагъэр ягурыгъэIуэным, нэгъуэщlIуэхугъуэхэми теуха зэlущlэ зэмылlэужьыгъуэ ягъэ ящlэжьаужьыгъэ унэхэм щыдогъэкlуэжкlэ. Кьащтэмэ, гулыпитэ хэха зыхуэтщlхэм ящыщщ лъэпкъ зэныбжьэгъитlэр гъэбыдэным хуэдгъэкъэзыр зэlущlэхэр, - жиlащ Фырэм.

КЪРФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкlэ и министр **Тюбеев Альберт** 2013-2015 гъэхэм кьриубыдэу сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр нэгъэзыжьу, я узыншагъэри ирагъэфlакlыжу кьиязэрагъэпэщыжу щыкlым и гугъу ищlащ. Министрым и псальэхэм кьыхичъэщащ зыгъэпсэхупlэ кIуэху хуей сабий псоми апхуэдэ Iэмал зэрэlэнур. УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КИРЩI-м щыlэ **Хлопонин Александр** и унафэщlэ я Iуэхугъэм кьыхьлагъэ сабий ныкъуэдыкlуэхэмэ зэрызэрагъэпсэхуну щыкlэр. Адэкlэ Тюбеевым жиlащ къэрал къулыкъущlапlэм щылажьэм езым и щхьэкlи и унагъуэм исхэми ябгъэдэлъ мылькур, я улахуэр, хэхъуэр кьагъэлъэгъуэн хуейуэ кьиязэрагъэувар. Кьыкlэлъыкlуэу министрым зи гугъу ищlахэм ящыщщ къэрал Iуэхущlапlэм щыlэхэм я улахуэр зэрыратыну щыкlэр. Абы зэрыжиlамкlэ, Iуэхущlапlэм и унафэщlым и улахуэр и лэжьакlуэхэм ахъщэу яритым епхауэ щытынущ. Абы кьикlраши, унафэщlым игъэлажьэхэм я улахуэм хигъэхъуэху, езым еймм хэхъуэрэ кIуэнущ.

Правительствэм и Унэм щызэхуэсахэр арэзы техьауащ Бахьсэн куейм щыщ, сабий ныкъуэдыкlуэ зиlэ Абдокьуэкъэ я унагъэмрэ хабзэхъуэмэ Iуэхущlапlэм щылажьэу и кьалэным пэрэту уIэгъэ хьалъэ хьуа Уинаев Зейтунрэ мылькукlэ зэрызыщlагъэжьуэнум. Абыхэм сом мин 450-рэ зэхэту иратынущ.

Кьыззэдащтахэм ящыщщ КЪРФ-м цIыхубэ хьыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэмкlэ, жылагъуэ, дин зэгуэхьэныгъэхэмкlэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащlэ **Кьумахуэ Мухьэдин** кьыхилхьари. Цlыхухэм я гукъеуэ, гуныкlуэгъуэ, н.кь. кьыщагъэлъагъуэу ящ пэкlуэхэм папщlэ кьалэ, кьуажэ кьэс щыlапlэ щхьэхуэ хуэхахыращ абы зи гугъу ищlар. Кьумахуэм кьыхжьыу сом мин щитlкlэ щыхуэйм иратынущ, цIыхуитхум республикlэ бюджетым кьыхжьыу - сом мин 100, иджыри цIыхуипщlым - сом мин 50 дэтхэнэми иратынущ, ари кьызыхжьынчр республикlэ бюджетращ. Пщыкъан жиlащ 2013 гъэм егъэджэныгъэр егъэфlакlуэныкlэ щыlэ программэм федеральнэ мылькум кьыхжьыу сом мелуан 413-рэ мин 854-рэ кьызэрыкlуэнчр. Республикlэ бюджетым абы дыщlегъуэ сом мелуан 21-рэ мин 782-рэ.

Зэлущlэм хэтахэм кьызэдащтащ 2013-2020 гъэхэм узыншагъэр егъэфlакlуэныгъэ щыгъуэ КЪРФ-м щызэфlакlыну Iуэхуэр. Илъэсыблым кьриубыдэу абы хуэхахыну кьагъэльагъуэ сом меларди 2-рэ мелуани 106-рэ, мы гъэм а программэр гъэззщlа хьуным сом мелуанищ хуэхахыну я мурадщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Зи макъамэр бзэрабзэ

(КIэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Саугъэт сурэт дахэ иIыгъыу утыкум кьеблэгъащ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщlу Тау Пщыкъан.

- Нобэ сэ кьызгурыIуащ си гъащlэм щыуагъэ зыбжанэ зэрэщысlэщlкlэр. Махуэ щlагъуэ дэмыкlыу я цIыхуэ хьэмэтым сыIущlэфакъым. Хьэсэнэ, Темыркъан зэкъуэшхэри, сурэтыщlкуэдри, нэгъуэщlкомпозиторхэри сцIыхуащ, сахэтащ, арщхьэкlэ, Тхьэм эзчий кьыббгъэдимыльхьамэ, сыт пщlэн?! Сигуи си псэ кьыбгъэдэкlыу сохъуэхъу си ныбжьэгъуфI Хьэсэн узынщагъэрэ дрэзжегъуэрэ иIэну. Ар цIыху хьэлэмэтщ, композитор Iэззщ, гъэсакlуэ емызэшьыкщ, - жиlащ Таум.

Кьардэн Хьэсэн и дэтхэнэ Iэдакъэщlэкlри нэхущ, абыхэм композиторым и гугъэ I дахэхэри кьыхощ. Апхуэдизкlи пшыхьым щыIуа концерт лезгинкэр, КЪБР-м щIыхь зиIэ и артист Темыркъан Петр и дирижеру симфоние оркестрым игъэззщlар.

Фигу кьэдгъэкlыжьныщ, 1970 гъэм мэлыжькlыныр и 29-м япэ лъэпкъ оперэм, «Мадин»-м, и премьерэр щыIауэ щытащ. Ар зэдатхат Кьардэн Хьэсэнэрэ Балэ Мухьэдинрэ. Республикэм и пщlэр зыIэта а оперэм щыщ арие гум хьыхьэу пшыхьым щигъэзэщlащ Музыкэ театрым щылажьэ Мамбэт Мадинэ. Анэм хуиIэм хуей гулъытэр, лъагъуныгъэр, гуапагъэр Кьардэным зыхилхьэа «Руки матери» и уэрэдри бзыльхугъэм фIы дыдэу кьехъулащ.

Республикэм и профсоюзхэм я Федерацэм и унафэщlэ Амщыкъуэ ФатIимэт и Iуэхущlапlэм кьыбгъэдэкlэ хьэхъэм кьеджащ: «Пщlэ зыхуэтщlу Хьэсэн, уи Iэдакъэщlэкlхэр республикэм и макъамэ гъуэзджэм дежкlэ налкьытналмэсщ. Абыхэм ящыболъагъуэ зэфIэкlи инрэ гу кьабзагъэрэ. Дэ дроплагъ Кьэбэрдей-Балькъэрым и Гимныр уэ зрэбгъуэм. Уэшшагъэ мыкlуэщlу уиIэну, гуухэхъуэгъуэрэ фIыгъуэу щыIэмрэ кьыбгдэгъэгурыкlуэну дыпхуохьуахьуэ».

Композитор цIэрыIуэ Молэ Владимир и концерт лезгинкэр кьыщыIуащ пшыхьым. УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Дау Мариннэрэ КЪБР-м и цIыхубэ артисткэ Бесчокъуэ Маерэ жаIащ Хьэсэн и «Къурхэр» уэрэдыр.

Шэджэм районым и лIыкIуэ Уэдыжь Хьэсанэ кьыхичъэщащ куейр я цIыху пажэм зэрыригучъэр, зэрырипагэр.

- Ныбжьэгъу лIапlэхэ, ныкъуэдыкlэ! Кьардэнэ лъэпкъ дахэщ, лъэрызэкlэщ, инщ. Абы иIэщ лIыхъужьхэри, спортсмен цIэрыIуэхэри, сурэтыщlхэри, композитор Iэзэ Хьэсэни. Сохъуэхъу дяпэкlи ахэрефIэкlуэну. Сыхуейт Хьэсэн иджыри илъэс Iидзкlэ и Iдакъэщlэкlкlэ дигъэтгуфIэну, абы хуэдэхэр тхьумэм, дгъэлъэгъуэну, - жиlащ Хьэсэнрэ.

Зэрытщlэри, Кьардэн Хьэсэн и гуащlэшхуэ ирихьэлIащ балькъэр лъэпкъым я щэнхабзэр хьума хъуным. Балэ Мухьэдинрэ абырэ щlыпlэ куэд кьыззэкlуэхащ, балькъэр лъэпкъ макъамэхэр зэхуэхъэсыжу. Ахэр нужьжьэ симфоние поэмэ, исльэмей хьуащ. Апхуэдизу кьыхэзгъэщlапхъэщ Хьэсэн и «Балкарские напевы» лэжьыгъэр. Пшыхьым щIэсахэм зэгу ирихьащ «Кьызбрин» спектаклым Балэ Мухьэдин щIигъэува «Марш»-р. Оркестрым игъэззщlахэм ящыщщ Хьэлуэ Джэбрэил и зыуэртперр. Цlыхухэр яфIэжьлэхэтэу едэIуащ Кьардэным 1952 гъэм зэхилхьа «В родном краю» симфоние теплъэгъуэм.

Хьэсэн ипхъу Заремэ фIыщlэ яхуищlащ и адэр зыигъэльапlа псоми, абы кьыхигъэщащ и адэм ар гуапэ зэрыщыхъунур.

БАГЪЭТЫР Луиз.
Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*



Пархоменкэ Юлиер Кьардэн Асльэнэр зэIущlэм и лэжьыгъэм хэту. *Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Политикэ партхэм

Бдзэжьейр езыхэм къаубыдыжмэ нэхъыфIщ

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щыIалъэ кьудаемэм «стIол хьурей» иджыблагъэ щекIуэкlащ Iэщlагъэ, лэжьапlэ Iэнатlэ щlалэгъуалэм яIэныкlэ республикэм щызэфIахьыпхъэ Iуэхуэм теухуауэ.

АБы кьрихьэлIащ КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ и министрым и кьудзэ **Абаз Барэсбий**, КъБКъУ-р къэзыкlухьэр лэжьыгъэкlэ кьызэрэгъэпэщlыжьым хуэхэ Iуэхущlапlэу университетым щыIэм и унафэщl **Шэфий Асльэн**, КЪБР-м ЦIыхуэхэр лэжьыгъэкlэ кьызэрэзыгъэпэщ и курсэл комитетым и унафэщlым и кьудзэр **Гугъуэт ФатIимэ**, «Уэхуэдэ» лицейм и унафэщlым и кьудзэр **Тарапатэ Владимир,** партым и щlыналъэ кьудаемэм и акьылгъуэхэм я советым и унафэщl **Пархоменкэ Юлие,** «Iуэху зезыхь» Урысей политикэ партым и Къэбэрдей-Балькъэр щlыналъэ кьудаемэм и лIыкIуэ **Васильченкэ Евгение,** «Урысей зэкъуэтым и щlэбл» зэгуэхьэныгъэм и щlыналъэ кьудаемэм кьыбгъэдэкlыу **Хьэлупщы Iсльам** сымэ, нэгъуэщlхэри.

Зэлущlэр кьыззIуихащ ижьи иригъэжьакlащ КЪБР-м и ТВ-м хьыбарыщlэ нэтынкъэмкlэ и редакторэ нэхъыщхьэ **Кьардэн Асльэн**. Абы зэлущlэр зытеухуа Iуэхум ди щlалэгъуалэр зэрригъэпlейтейр. Еджапlэ кьэзыуха щlалэгъуалэм щыIэжьэн Iэнатlэ ямыгъуэтэ, кьаралыр кьахуэмеIуэ, я зэфIэкlым хуэмышlыкlуэу кьащхьэхуэ, абыхэм Iащlэм и мыхьэнэр яфIокlуэ, нэхъыкlэращи, щIэпхьаджащlэхэм зыхащ. Абы кьыхэкlыу ди щlэблэм гулыпитэ Iэмэм зэрыхуэщlыпхъэр жиlащ Асльэн.

Абазэ Барэсбий фIыщlэ яхуищlащ зэIуищlэ кьызэзыгъэпэщlа псоми, итlанэ абы жиlащ ди еджапlэхэр кьэзыуухэмрэ Iэнатlэ пэрыувэхэмрэ я бжыгъэр зэрыщэтемыхуэр.

- Юристрэ экономисту дапщэ диIэми, ди экономикэм кьеГъэльагъуэ щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ, зи Iащlагъэм фIыуэ кьэзыщlыкlуэ щlэ зэрамыIэжьым кьыхэжьыу, зи щlалэгъуэр предприятэхэм бгъакlуэу бгъэлэжьэну гугъущ. Япэ щыкlэ лэжьакlуэм и пщlэр кьэтlэтыжьын хуейщ, – жиlащ Абазэм.

Пархоменкэ Юлие кьигъэлъэгъуащ цIыхур зыпэрыт Iэнатlэм кьыщIилэжьын ары и унагъуэр игъэпсэуфу щытын зэрыхуейр.

- Лэжьыгъэ кьызэрыгуэкlхэм пэрыувэн дгъуэтыркъым. Сыт ар кьызыхэкlыр? Цlыхум фIыуэ кьыгурыIуэм кьищынэмышlауэ, зыхихщlэн хуейщ абы и лэжьыгъэм щIыналъэр зэрыхуэныкъуэр, зыгуэркlэ сэбэп зэрыхьуфыр. Занщlэу псори кьызэхьулlэ щыIэкъым, мащlэкlэ кьыщlадзэу, хэплъыхь ямыщу я Iащlагъэм ирилажьэмэ, абы щыгуфIыкlыжьыну. Псом нэхъыр нэхъыщхьэращи, уи щхьэ хьэрычэт хуэпщlыжьын хуейщ. Нэгъуэщlу зыгуэри хэлъщ мы Iуэхум - цIыхур лэжьакlуэ кьэзыщlэхэм дыгъуасэ еджапlэр кьэзыуухахэм дзыхь хуащlыщэркъым. Зи щlалэгъуэм кьыгурыIуапхъэщ зэ «хьэуэ» кьыжраIэмэ, абы иригъэжьуэт зэрымыхъунур, нэхъ тегушхуэу, я зэфIэжьр кьагъэльагъуэу, жьыжьэру гъащlэм зэрыхуейр, - жиlащ Юлие.

Гугъуэт ФатIимэ кьытеувыIащ 2009 гъэм щыщlэдзауэ цIыхуэхэр пlащlэкlэ лэжьыгъэкlэ кьызэрэзэпещынымкlэ и Iуэху зэрызэрахуэм.

- Илъэс кьэс еджапlэр кьаухауэ цIыху 400-м нэсыж зыкьыштхуагъаззэри, ахэр нэхъыбэ дыдэу мазэм пlалъэкlэ лэжьыгъэ Iэнатlэм пэрыдогъэувэ. Абы етт улахуэр федеральнэ бюджетращ кьызыжькlыр. Ди жьгъуэ з зэрызеуцн, пlалъэкlэ лэжьыгъэ Iудгъэувам ар Iэнатlэ щIыхь зиIэныр щIэпщ, ауэ зи щlалэгъуэм Iэмал яIэщ лэжьыгъэм хэгъуэззну. Пlалъэкlэ дгъэжIауэм ящыщу процент 35-р иужькlэ лэжьапlэ кьащlэтэ.

Кьэбэрдей-Балькъэр кьэрал университетыр кьэзыуухэр лэжьыгъэ Iэнатlэ Iугъуэвэныр езы университетым и пщэ дильхьэжьауэ и студентхэм ядолажьэ. А Iуэхущlапlэм и унафэщl Шэфий Асльэн кьыщыпсасльэм жиlащ.

- Ди республикэр проектыщlэ куэдым яужь итщ, ди щlалэгъуэм лэжьыгъэ Iэнатlэ иратын я мураду, ауэ ахэр ягъэззщlэху, ди студентхэм дипломыр яIэщlэтлъхьэу дутпыщlжькlэ зэфIэжьыркъым. Абы кьыхэкlыу, еджапlэ зэманыр и кlэм щынэблагъэм деж, дэ кьызыдогъэпэщlы Iэнатlэу щыIэм щызэдгъэгъуэзэ зэIущlэхэр. Нэгъабэ абы лэжьакlэ Iэнатlэу 520-рэ кьыщагъэлъэгъуащ. Дэ куейхэм, кьалхэм я цIыхухэр лэжьапlэкlэ кьыщыщlэрагъэпэщ Iуэхущlапlэхэм дапыщlащ. Ди щlалэгъуэлэм кьащlохъу еджапlэр кьызэраууху зэуэ Iэнатlэрэ кьыхуагъэльэгъэнущ. Ар щхьэгъэпцlэжщ. Улахуэм текуауэр лэжьыгъэ хэплъыхь зыщlэхэри ди мащlэжьым, ауэ, сэ сыззэреплъымкlэ, зыгуэркlэ кьыщlадзэн Хуейщ, зыри умыщlэу ущыс нэхъыр эри нэхъыфIщ, - жиlащ Асльэн.

- Дэ ф кьалэнитlэ зыхудогъэувыж: япэр - еджапlэр кьэзыуухар лэжьыгъэ Iэнатlэкlэ кьызэрэпэщынымрэ, етIуанэр - хьэрычэт Iуэху зезыхьэнум дыдэ зэпкъуныгъ, - кьыпищlащ адэкlэ Васильченкэ Евгение. - Еджапlэр кьэзыуухэм дахоупщlыхьри, щlалэгъуэлэр зыхуейм зэрызыкlыжьэмрэ кьыдохуэтэ, абы текуауэри ахэр идогъаджэ, Iуэху зехьэкlэ ядогъащlэ. Зезыхьэныжьу хуейм Iэмалыфlэ идот. Ди щlалэгъуэлэм бдзэжьейр кьэзыгъу еттыркъым, атlэ кьунтэ яIэщlыдолажьэ, бдзэжьейр кьэубыдыным гугъуехьу пылъыр езыхэм зыхащlэн папщlэ. Гурыуэгъуэ: езыхэм я щхьэ Iуэху зэрахуэу едмыгъасэмэ, тщlэри жьитIэри пщlэнщэу кIуэдынущ.

Адэкlэ псалъэ иратащ Тарапатэ Владимир:

- Ди еджапlэм кьыщlахьрыфIу Iащlагъэхэм ящыщу гущlэ зыпыгъэзвэным щыхуарагъаджэращ нэхъ щIэупщlэ зиIэр. Абыхэм еджапlэр кьыщlахьрыфI IащlагъэлIэхэр, Iуэхущlапlэ зэмылlэужьыгъуэхэм я унафэщlхэм я Iащlагъэм щыщlэдзаужьри, ди еджакlуэ цIыкlуэхэм яхуэзэфIэкlымрэ яхуэщlэмрэ я нэрылъагъу ящыдощ. Хьэщlэхэм ягу дыхьар лэжьапlэ кьащтэ. Жьысlэну сыхуейт ди щlалэхэр зэзи лэжьыгъэншэ зэрымыхъун, зэрымыхъун, сыт щыгъуи ящlэн зэрагъэгъэтlэ, я щlалэгъуэм хуэфащlэ зэрымыхъун, дэтхэнэми цIыху нэс кьыпхуэхщlыкlынущ.

ЗэIущlэм хэтахэм зытепсэлъыхьам теухуауэ щIапхъэр ягъэбелдженыдащ. Еджэнджэщ щыкlэ зэ, ахэр Iэрагъэзэнущ щlалэгъуэлэм Iэщlагъэрэ Iэнатlэрэ я Iэныр зи кьалэн Iуэхущlапlэ псоми.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

●КЪБР-м и прокуратурэм

Гукъеуэ зиIэхэм яIуощlэ

КЪБР-м и прокурорым и кьудзэз, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь Лаврешин Юрэрэ федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащlэм кIэльыплъымкlэ кьудамэм и унафэщl Зэкlурей Заурбэ мазаем и *Г-м* Iуащхьэмахуэ районым и прокуратурэм цIыхухэм щахуэзащ.

ЩIыIэ хабзэхэм теухуауэ зыщlэупщlахэр Будягэ Г. хуэзэкlыжьащ, «Коммунизмым» МП-м щlалэгъуэ-нахьэу Хьутэ С. нэгъуэщlхэми улахуэмкlэ щIыхуэхэр щIрамытыжыр зэхагъэкlащ. Iуащхьэмахуэ куейм и прокуратурэм пщэрыль щащlащ хьыбарыншэу зи кьуэр бзэха Таукешевэ А. кьита тхыльым ипкъ иткlэ, прокурор кьэпщlытэншэ зрагъэкlуэжьыну.

Апхуэдизу районым и прокуратурэм и лэжьакlуэхэм нэгъабэ зэфIагъэкlаxэр зэпкърахащ, я щыщlынэгъэхэр ирагъэльагъужащ.

КЪБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэм.

● Узыншагъэ

IэмалыщIэхэр къагъэсэбэп

УФ-м Узыншагъэр хьумэныжьIэ и министерствэм и жьауэм щIэту иджыблагъэ Москва щекIуэкlащ 2020 гъэм нэсыку цIыхуэхэм санаторэхэмрэ курортхэмрэ щыкlэльыплъыным екъэлIа Iуэхуэхэр егъэфIэкlуэныжьмкlэ дунейпсо эзыIущ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым щыщу абы хахащ УФ-м Курортхэмкlэ и ассоциацэм и гъэззщlакlуэ комитетым хэт, «Налшык и курортыр» ОАО-м и унафэщlу **Кьаскъул Владимир.**

Псыхущхьуэхэмрэ хьэуа кьабзэмкlэ узыншагъэр зэребгъэфIэкlуэну иджырей Iэмалхэм тещlыхьауэ зэхэта зэIущlэм кьыщыпсэльа ди лIыкIуэм кьыхичъэщащ йодымрэ бромымрэ, сероводородыр, азотно-термальнэ, гидрокарбонатнэ псы хущхьуэхэр зэгъуэгу здэщlы«Налшык и курортхэм» хуэдэ Урысейм иягъэщlэ зэриилъэр.

Кьащтэмэ, ди республикэм и закъуэ апхуэдэ псы кьащlэжьапlэу 18 иIэщ, зы жащ-махуэм хуэзэу абыхэм литр мелуан 12 кьат. Узыншагъэмкlэ мыхьэнэ ин зиIэхэм ящыщу кьигъэльэгъуащ Тамбуйкан гуэлым иятIэрэ. «ЛIъэсым щыщу махуэ 300-р дыгъэпсу зэрящытым бгыльэ щыпlэхэмрэ мэхэмрэ кьыщепщэ жьы кьабзэр хэтыжьэ, мыпхуэдэ щыпlэ дуней псом кьыщыгъуэтыгъуейщ, - жиlащ Владимир.

Псом нэхъыщхьэраци, Налшык и зыгъэпсэхупlэхэр кьэралпрограммэм хагъэхьащ. Мы Iуэхур инвестицэхэмкlэ нэсу щIэтэбыда хьумэ, ди курортхэмрэ санаторэхэмрэ кьудамэ куэду зэхэт балнеологие Iэнатlэ ин пхущыIнуф икlи ар пхунэгъэсынущ Европэм я зыгъэпсэхупlэ щыпlэ нэхъ цIэрыIуэхэм я мардэм. Апхуэдэ Iуэху епльыкlэр зэхуэсым и утыку ирахьащ икlи, Iуэхур тэмэму зэтеубла хьэм, КЪБР-м и экономикэ зыужьыныгъэмкlэ абы мыхьэнэ ин иIэнат.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Щэджэм щIыналъэ

Гъатхэм поплъэ

Къабзагъэм гулыпитэ щхьэхуэ щигъуэт жылагъуэщ Нартаныр.

ХАБЗЭ зэрыхьуауэ, илъэсым хуэзэу тIэунейрэ зэщlагъэжьхабзэ «Кавказ» федеральнэ гъуэгум щыщу Налшыкрэ Аруанэрэ я кум дыдэ Iыхьэр. Апхуэдэу гъатхэпэм и пэщlдзэхэм япэ гъэкъэбзэгъуэм пэрыхьэнухэщ. Абы кьыдэжьуэу жылэм дэт кхъэхэмрэ (ахэр 6 мэхъу) абыхэм я Iэгъуэблагъэмрэ зэщlагъэкъабзэ.

Нартаным механизированнэ бригадэу 3 иIэщи, абыхэм емытIысхьэну Налшыкым щыщlэ Iуфэхэр ягъэхьабзэ зэпытщ. Мы зэманым ирихьэлIэу хабзэм кьемыгъэгъ кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэу 4 Iуахащ. Щапхъэ зытрахым хуэдэу, кьуажэ уэрамхэм пхъэнкlийр зрадзэ гъущ контейнерхэр трагъэуваци, пlалъэ ткlийм тету ар бригадэм и транспортымкlэ деш.

Жылагъуэ администрацэм псом хуэмыдэу лэжьыгъэшхуэ кьырхьэлIащ гъуэгуэр зыхуей хуэгъэзэным ехьэлIауэ: асфальт щIэу трапльыр Ленинным, Пlаз зэкъуэшхэм, Кьалмыкым, Балькъэр зэкъуэшхэм я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм. Апхуэдэу елэжьащ амбуларторэм, мэджжьыпIэм екIуалIэ гъуэгуэхэми. Ди республикэм и нэхъ кьуажэшхуэу кьалытэ Нартаным и гъуэгу зэхэкlыпIэхэм гъуэгуэгъэльагъуэ дамыгъэхэр фIадзащ, уэрам псори кьагъэнэху.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Тхьлъыщlэ

Сурэтыщl цIэрыIуэм и гъащIэр

Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхьылъ тедзапIэм кьыщlыдэкlащ «Академик Петр Захаров» зыфIаща лэжьыгъэ гъэцIэжьыгъэм. Тхьыль-фотоальбом щхьэжьIэплъыкIэм и теплъэм зещlэу узыIэпеш: тебзэ плъыжьым кьыгъэвым езым ищlыжа и сурэтыр. Тхьылъым кьыхуахаа тхьылъымпIэри тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ зэрытедза Iэмалхэм зэрыфIыдыдэм кьыхэжьIу, Захаровым и Iэдакъэщlэжькlэр дагъэушlэу кьэргъэльэгъуа хьуащ.

« АКАДЕМИК Петр Захаров» щIэныгъэ-публицистикэ лэжьыгъэ гъащlэгъэныр щэшэн тхакlуэ цIыхуэ Ибрагимов Кантэ сурэтыщl гъуэзэджэм и гъащlэмрэ и гуащlэмрэ зрируха тхьыль купщlафIэщ, итlанэ зыщlыпlи кьыщамыгъэсэбэгъа архив дэфтэрхэр и лъабжьэу.

Я нэIэм щIэту кьыдэжьа лэжьыгъэм теухуауэ тхьылъ тедзапIэм и унафэщlэхэм ящыщ Котляров Виктор мыр кьыджиIащ:

- Сурэтыщl Захаров Петр и цIэр живолисым дихьэххэм фIы дыдэу ящlэ, ауэ нэхъ зыщlымыгъуаэзэр ар Кавказым кьыгурэхьапlэ имыIэу зэрэпхащ. Лермонтов Михаил и «Мцыри» поэмэ щIэрыIуэм кьыщыхьаа мыпхуэдэ сатырхэр: «Одинажды русский генерал Из гор к Тифлису проезжал; Ребенка пленного он вез. Тот занемог, не перенес Трудов далекого пути; Он был, казалось, лет шести»...

Мы псалъэхэр зыхужьаIар, зэрыхуагъэфащlэмкlэ, Захаров Петрщ, кьэбгъэльапlэ щIэныгъэ-поэтикэ - Чеченещь жиIэу и сурэтхэм ящыныкlуэхэм тритхэу щытащ.

Ар щыпсэуа Дады-Юрт кьуажэр 1819 гъэм кьанэ щыIэу эзэтракьутат. Зи псэр хэкlанэм кьыIэщlаха щlалэ щыкlур сэлэтхэм Генероловым хуащlащ. Ар чыристан диным иришэри, кьэзакъ Недоносов Захар (ираш сурэтыщlым и унэщlэрэ) кьызэрикlар) иригъэкlуащ. Щэшэн ныбжьыкlщlэм и гъащlэм адэкlэ хэлъыфIыхьащ Ермоловым и адэ кьуэшым и кьуэ Ермолов П. Н. Иужькlэ Санкт-Петербург художественхэмкlэ дэт академиер дыжьын медалькlэ кьиуахащ, и ныбжьыр илъэс 27-рэ фIэкlа мыхьуу - Ермоловым и сурэт 1843 гъэм ищlам папщlэ - академик цIэ лъапlэр кьыхфащащ.

Араш Захаров Петр Захар и кьуэм (1816-1846) - XIX лIэщlыгъуэм псэуа япэ профессионалнэ щэшэн сурэтыщlым - и гъащlэм и кьеклуэкlыкlар. Зи лъахэм щымыпсэуа щlалэм гъуэдзжамкlэ хуэзфIэжащ и щхьэхуитныныгъэр ихьуумэкьын, и цIэр уахьтыншэ ищlын. Гъэщlэгъуэмэ Броллов Карл цIыхум и сурэт щIыныкlэ Захаровыр Iэзэу, ауэ езым япэ иджыри имыщыфащу кьиульэтэу зэрыщlатар. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, и зэфIэкlым кьихь псор сурэтыщlым кьитащlыну кьыхуихатэкъым – ар илъэс 30 фIэкIа мыхьуу дунейм ехьажащ. Нобэ абы и лэжьыгъэхэр щагъэлъагъуэ, щахъумэ Урысейм и музей нэхъ ин дыдэхэм.

Зытхьжар
ИСТЭПАН Залинэщ.

«Творчествэмкlэ международнэ академием и академик» цIэ льапIэр тхакlуэ Опрышко Олег кьыззрыфIащамкlэ тхьылъыр Върокъуэ Владимир иретыж.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

●Щэнхабзэ

КъыхэжаныкIахэр ягъэпажэ

КЪБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым, хабзэ дахэ хьуауэ, республикэм и гъуэзджэмрэ зэнхабзэмрэ хэльъныгъэфI хуэзыщlа лэжьакlуэ нэхъыфIхэр щагъэльапlэ. Апхуэдизу абы щатыжащ балькъэр артист Рахаев Таубий и фэеплъ ягъэува стипендиер.

ФОНДЫМ и унафэщl **Върокъуэ Владимир** зэрыжиIамкlэ, стипендиер зытыр балькъэр драмтеатрым и актер цIэрыIуэу щыта Рахаев Таубий и кьуэрылъху, Москва щылажьэ хьэрычэтыщlэ Османов Эльдарщ. Щlалэр Урысейм щыIэ щхьэкlэ, и хэку цIыкlур зыщигъэгъупщlэркъым. Псалъэм папщlэ, и мылъкуиз Щэрэдж районым мэджджыт, Щэнхабзэмкlэ унэ щригъэхуащ, интернатым щыIэ цIыкlухэм кьадоIэпыкlуэ.

Стипендие зратхэр я ныбжькlи Iэщlагъэкlи зэхуэдэкъым. Абы кьызэщlелбыдащэ актерхэр, артистхэр, симфоническэ оркестрым хэтхэр, щlэныгъэлIхэр, нэгъуэщlхэри. Рахаевым и фэеплъ стипендиер мы гъэм хуагъэфащащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Болэт Арсен, тхакlуэ Опрышко Олег. КЪБР-м щэнхабзэмкlэ и министрым и кьуэдзэ Карчаевэ Iэминат сымэ.

«Творчествэмкlэ международнэ академием и академик» цIэ льапIэр тхакlуэ Опрышко Олег кьыззэрыфIащамкlэ тхьылъыр Върокъуэ Владимир абы иритыжащ. Апхуэдизу «Минги-Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащlэ Додуев Аскэр Върокъуэ Владимир иритыжащ Лермонтов Михаил и цIэкlэ щыIэ Урысей комитетым кьыбгъэдэкlы бгъэзэIу медалыр, политикэ лэжьакlуэ цIэрыIуэ Кlуэкlуэ Валерэ кьыззрахьэрэ илъэс 70 щрикъум и щIыхькlэ ягъэувар.

Гульытэ зыхуащlахьэ я псалъэм кьыхахэщащ я лэжьыгъэм и пщlэр кьыззрахьытар гуапэ зэрращlыхьуар, дяпэкlи яхуэзфIэкlэ зэрращlэнур.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Футбол

Зы махуэм - джэгугъуитI

***Урысей Федерацэм футболымкlэ и япэ дивизионым щаублэжьну зэхьэзэхуэм Тыркум щызыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» мазаем и 28-м зэныбжьэгъугъэ зэIущlитI иригъэжькlащ.**

ЯПЭ щыкlэ ди щlалэхэр Iущlащ Украинэм и етIуанэ дивизионым хэт Стрый кьалэм и *«Скала»* командэм. «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ *Шыпш Тимур* абы пэщlитlэуващ *Степановыр, Мэкъуауэр, Джудович, Чернышовыр, Абазэр, Короновыр, Балэр, Чеботару, Тыlэщыр, Гъэщокъуэр, Болэр.*

ЗэIущlэм и кьихагъкlэ нашыкдэхэм тепщэнырэр яIыгъащ икlи *Болэ Руслан*рэ (тIэунейрэ) *Коронов Игорр*э дагъэкlа топхэм я фIыгъкlэ *3:0-у* текIуащ.

А махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм «Спартак-Налшыкыр» Ярославль и *«Шинник»-м* дэджэгуащ. Абы ди тренерхэм кьыщагъэсэбэпащ яп дивизионым щыщlэзыдзэк зэхьэзэхуэм тегъэщlапlэ ящlыну нэхъ зыхуагъэфащэ футболистхэу *Коченковыр, Овсненкэ, Засеевыр, Тимошиныр, Багаевыр, Буйтрагэ, Галныр, Зныович, Аверьяновыр, Сирадзе, Медведевыр.* Иужькlэ абыхэм кьахьыащ *Болэр, Абазэр, Сусловыр.*

Зэпэщlэува командэхэр нобэкlэ я кьаркlэ зэхуэдэу кьыщlэкlащ. Джэгум и япэ Iыхьэм аэр топ зырызкlэ зэхьэзэхащ икlи зэрытемыIэкlыуауэ, *1:1-у*э, зэIущlэр нухащ. Ди щlалэхэм кьаэхэжьыкlар *Буйтрагэ*ращ.

«Спартак-Налшыкыр» иджыри зы тхьэмахуэкlэ Тыркум щыIэнущ. А зэманым кьриубыдэу, зыгъэсэныгъэм кьыщынэмыщlауэ, абы зэныбжьэгъугъэ зэIущlэхэри

● Фэеплъ пшыхь



КъБР-м и Парламентым и Щылэгъуалэ палатэм и унафэщI Шыпш Аслъэн къопсалъэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Къуэшырокъуэ Залым къопсалъэ.

ЦIыху щэджащэт

Гу зыкIуэцIымыль бзаджащIэхэм дыгъэгъазэм и 25-м яукIащ профессор, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор Жэрыкъуэ Борис. Абы и ныбжьыр мазаем и 28-м ильэс 55-рэ ирикъунут. ПщIэ кьыхуэзыщI, фIыуэ кьэзыльгъу и лэжьэгъуэхэми, унэтIакIуэ, ущиякIуэ, чэнджэщэгъу зыхуэхъу студент щIалэгъуалэми, и ныбжьэгъуэхми, и унагъуэми, и Iыхьлыхэми Iэтауэ хуагъэпсэпIэнут цIыху щыпкъэ, жылагъуэ лэжьакIуэщхуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэм и мазхуэшхуэр. Аршхьэкlэ, абы мазитIрэ махуитIрэ хурикъуакъым...

Студентхэр усэ кьоджэ.

МАХУЭШХУЭР фэеплъ пшыхь хъуащ. И ныбжьыр ильэс 55-рэ щрикъунУ махуэм Жэрыкъуэ Борис теухуа фэеплъ зэхьихьэ щекIуэкIащ ар зи ректору щыта, республикэм и япэ президент КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым. Абы кьрихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и унафэщIэр, Правительствэм и IыкIуэхэр, къулыкъущIэхэр, щIэныгъэлIэр, Жэрыкъуэм и унагъуэм, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр, къуэжэгъуэхэр, лэжьэгъуэхэр, студентхэр.

Пшыхьым щIэдзапIэ хуэхъуащ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Жэрыкъуэ Борис и сабиигъуэм кьыщыщIэдзауэ кьикIуа гъащIэ гъуэгуанэм теухуауэ ягъэхьэзыра «Гум кьыбгъэдэкIыу» фэеплъ фильмыр. Уэрыкъуэ кьихьа студентхэр кьеджащ гум зезыгъэхуэ, кудым уезыгъэгупсыс, зи гъащIэр зыIэщIаха цIыху щыпкъэм хуэгъэза сатырхэм.

Мурадэр зи кхуэр, зи кьаруиныгъуэ цIыхум и цIэр блэкIа зэманым иту бгъэIуныр хьэльэщ, ауэ ар гукъэкIыжхэм я пшыхьти, япэу псалъэ ираташ проректор **Щыхьмырзэ Мухьэмэд**.

- Жэрыкъуэ Борис кьыщалхъуа махуэм ди деж кьэкIуа пщIэ зыхуэтIщ ди хьэщIэ льапIэхэм, ди лэжьэгъуэхм, мы пэшым кьыщызэхуэса псоми фIыщIэ фхуэощ, - жиIащ абы. - Хьэльэщ блэкIа зэманым иту апхуэдэ цIыхум утепсэльыхьыжьу. Ар ди гум кьинащ ныбжьэгъуэу, гушыIэ хэльу зэфIехьыфу щытащ. Жэрыкъуэ Борис теухуа фильмым нэпсхэр кьригъэкIуами, ягу кьагъэкIыж цIыхум дауэрэгъуа хабзэмрэ цIыхугъэмрэ, гушыIэ дахэм мыбы щIэс цIыхухэм я нэгум гуапагъэр щигъэлыдащ. Абы ильагъу хьуртэкъым залымыгъэр, экстремизмэр, терроризм. ИпэжьитIкIэ абы хуэфащэу кьыпэжьащ КъБР-м и кьуэ нэсхэм ящыщ цIэр.

Къуэшырокъуэм кьыззохуэсахэм ягу кьигъэкIыжащ Жэрыкъуэр щыщIалхъэ махуэм КъБР-м и Iэтащхьэм жиIа псалъэхэр: «Борис, Къэбэрдей-Балъкъэрым зиужьыным хуэгъэза уи гурыльхэмрэ мурадхэмрэ нэхуапIэ хъунымкIэ тхуэзэфIэкI псори длэжьынщикIи ар уи фэеплъ мыкIуэдыжьыщ».

Гукъэжьк псалъэмакъэр щыIэпIыкIэ, хэщIыныгъэр гуауэшхуэу зэрыщытыр, гум зэримыхунур, уи псэм щыщIэм емылытауэ, гъащIэм кьыззэрыпищэр, псэун зэрыхуейр кьызыхэщ, гупсысэм ухэзыщэ сатырхэм кьеджащ Урыс драмэ театрым и артистхэу **Каграманян Грантрэ Кравцовэ Натальерэ**.

- Борис цIыху гъуэгуджэт. ЩIалэгъуалэр ныбжьэгъуу дыкъилытэрт, и гум, и псэм кьыбгъэдэкIыу кьыддэIэпыкъурт. Абы ищIэртэкъым «сыхуащIыкьэркъым», «схуэфIэкIынукъым» псалъэхэр. ГуэхукIэ екIуалэ дэтхэнэми зэман кьыхуигъуэтырт, дэIэпыкъурт. Ди жагъуэ зэрыхьэщи, апхуэдэхэр мащIэщ,икIи дыхуейт нэхьыбэ хъуну, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI **Шыпш Аслъэн**икIи езым и кьуэш нэхьыщIэ Беслъэн Жэрыкъуэ Борис хуитхи усэм кьеджащ.

Апхуэдэуи утыкур хуит хуащIащ фэеплъ пшыхьым кьрихьэлIа Жэрыкъуэм и ныбжьэгъуэхэм, цIыхугъэхэм, кьуажэгъуэхэм, университетым и студентхэм я адэ-анэхэмикIи псалъэ гуапэхэмкIэ ягу кьагъэкIыжащ, зэращIмыгъупщэнур жаIащ.

- БзаджащIэхэм ди ныбжьэгъу льапIэр тIэщIахащ. Тlури Къбэрдей-Балъкъэрым кьыщалъхуащ. Зыр и льаехэм, абы щыпсэуэхэм фIы зэрахуищIэным хущIэкъурт. Адрейм льахи, льэпкьи, адэжьани - дунейм щигъэльапIэу псалъэ зыри иIэтэкъым. Борис ипэжьитIкIэ кьилэжьащ мы пшыхьым абы хуэгъэзауэ щыжаIа псалъэ гуапэхэр. Дэ ар зэи тщыгъупщэнукъым, ди гум, ди псэм хэльынущ, сыт щыгъуи тщыгъунущ. Гу зэрыльытташи, а цIыху щэджащэм усэхэр хуатх. Ауэ а псори щIэдзапIэщ. Зэ мыхьуми Борис кьыхуэза цIыхум ар гукъинэж щыхъуащ и дуней тетыкIэкIэ, Iуэху зехьэкIэрэ цIыхугъэкIэ. Ди кьэралым абы щIэщ ныбжьэгъу куэд икIи гуапэу сыт щыгъуи ягу кьэкIыжыкIыу, и фIеплъым пщIэ хуащIынущ. Си фIэщ мэхъу абы и бынхэр, я адэм хуэфащэу, и пщIэр нэхьри яIэту, гъащIэм льэ быдэкIэ зэрыщыгъуынур, и Iуэхуфlхэм кьыззэрыпащынур, - жиIащ профессор, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор **Ерчэн Темболэт** икIи фэеплъ пшыхьр кьыззэгъэзэпэщахэм фIыщIэ яхуищащ.

Пшыхьыр езыгъэкIуэкI Жэрыкъуэ Борис и кьуажэгъу **Гуэ Мариндж** кьыззрыхиГъэщащи, ипэжьитIкIэ Псыгуэнсу кьуажэм кьыдэжлащ зи акьылрэ IущыгъэкIэ, зи IуэхущIафэкIэ щIэрыIуэ цIыху тельыдж куэд. Кьуажэдэсхэр зэрыгушхуэхэм ящыщщ Жэрыкъуэри. Марминэ псалъэ гуапэ куэд хужиIащ и кьуажэгъум, и гур кьыщыззэфIэнэ, нэпсхэр кьыщыфIекIуэ кьэхьуу, гукъэкIыжхэм кьытеувыщащ. АдэжкIэ Гуэмэр адыгэбзэкIэ кьеджащ Жэрыкъуэ Борис ильэс 55-рэ щрикъум ирихьэлIэу ШэрэIужь Аслъэн итха усэм.

Мэкъумэш университетым и профессорм и унафэщI, профессор **Зумакулов Асхьэт** фэеплъ пшыхьым кьекIуэлахэм, кьызэгъэпэщакIуэ гупым ину фIыщIэ кьыщIащ и шыпхъу усакIуэ Зумакуловэ Танзиля и усэ сатыр зыбжанэ кьеджащ.

Фэеплъ пшыхьым кьрихьэлIа Жэрыкъуэ Борис и унагъуэмрэ и кьуэшымрэ я гум щыщIр кьэIуэтэгъуейт. Ахэр иригушхуэрт адэм, кьуэшым, щхьэгъусэм и пщIэр, и цIэр зэрэIэтым, абы мыкIуэдыжьыну льэужь дахэ кьызэригъэнам.

Жэрыкъуэм и щхьэгъусэ Оксанэ кьызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищащ. «Фэ, нэхьыкьри нэхьыщIэри, абы и гум и Iыхьэу фыщытащ, апхуэдэ дыдэу си фIащ мэхъу иужьрей зэманым щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм мыхьэнэ ирату зэрыкъуэм ущымыгуфIыкIыу кьанэркъым.

КъБКъУ-м и педколледжым щоджэ льэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым кьыхэкIа студентхэр. Иджыблагъэ абыхэм ягъэлъэпIащ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр. Махуэшхуэр, яуБзыхуауэ щыта ЮНЕСКО-м и конференцым и 30-нэ сессием хэтахэм, 1999 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм. 2000 гъэ льандэрэ ар илъэс кьэс мазаем и 21-м ягъэльапIэ.

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ къэрэшей-балъкъэрыбзэмрэ епха Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм тепсэльыхьащ педколледжым и еджакIуэхэу Пэфыф Марьянэрэ Гаев Зэхьаррэ.

- Тхыдэ купщIафIэрэ щыпIэ тельыджэхэмкIэ бей Кавказым хуэдэ щIынагъуэ кьэгъуэтыгъуейщ. ЗэгурыIуэзэдэIуэжу мыбы щопсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд. Кавказыбзэхэр гупищу гуэшащ: абхъаз-адыгэ, нахдагъыстэн, картвелы, абхъаз-адыгэ бзэ гупым хохьэ адыгэ, абхъаз-абазэбзэ къудамэхэр, убыхыбзэр. Иужьрейр къудамитIым я зэхуаку дэтщ (адыгэбзэм нэхь и гъунэгъущ икIи нэхь ещхьщ, ауэ абхъазыбзэм щыщ куэди хэлъщ), ди жагъуэ зэрыхьунщи, кIуэдыжа бзэхэм ящыщщ. Абхъаз-адыгэ бзэхэм ирипсалъэхэм я бжыгъэр мелуан зыбжанэм щIегъу. Абы щыщу Урысейм щопсэу мин 767.660-р. Щхьэхуэу къэдгъэлъагъуэмэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэм ирипсалъэхэр къэрал 45-м щIигъум щыIэщ, нэхьыбэу Тыркум, хьэрыпкъэралхэм, США-м, - жиIащ Марьянэ. Абы и псалъэм кьыхигъэщащ анэдэлъхубзэм гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэр. И гупсысэр зэрыщIигъэбыдэж суи кьеджащ.

- Балъкъэрхэмрэ кьэрэшейхэмрэ льэпкъыжьщ, - жиIэ Гаев Зэхьар. - Балъкъэрыбзэмрэ къэрэшеибзэмрэ хохьэ тырку бзэ гупым. Дропагэ ди бзэр зэрыпсэум, абы кIуэ пэтми зеужь, абыкIэ льэпкъ мэгупсысэ, усэ зэхэльхьэ, иропсалъэ. Балъкъэрхэм кьхэхкIащ льэпкъыр зэрыгушхуэ цIыхушхуэхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр. Апхуэдэхэщ генерал цIэрыIуэ Шахаров Абай, Совет Союзым и ЛIыхъужь, кхъухьлъатэзехуэ Байсултанов Алим. Балъкъэр усыгъэр зыIэтахэм ящыщщ Мечиев Кязим, Кулиев Кьайсын, Зумакуловэ Танзиля. Льэпкъым ехьулIэныгъэ щыIэзыригъэхьащ щIэныгъэми. Я цIэ кьиIуапхъэщ физик, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и академик Энеев Тимур, академик, Къэрал Думэм и депутат Залиханов Михаил сымэ. Мы зэманым щIэныгъэ зэхуэмыдэхэм я кандидату, доктору 320-рэ лъэпкъым иIэщ. ЗэфIэкIышхуэ кьагъэлъагъуэ «Балкария» кьэфакIуэ ансамблымрэ лъэпкъ драмэ театрымрэ. Балъкъэр лъэпкъыр сыт щыгъуи цIэрыIуэщ и IэпщlэлъапщlагъэкIи. Нобэ дгъэлъапIэ махуэр мыхьэнэ зиIэщ, дауэ мыхьуми, бзэр - ар ди хьугъуэфIыгъуэщ, тхъумэн, щIэблэм деж нэтхьэсын хуейщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр МАМИЙ Руслан трихащ.

● Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм теухуауэ

Лъэпкъхэм зэдагъафIэ

Мечиев Кязим и цIэр зэрихьэу ныбжьыщIэхэм я библиотекэ Пушык дэтым зэхьихьэ гуапэ щекIуэкIащ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм теухуауэ.

АР КЪЫЗЭРГЪЭПЩАТ Iуэхущlапlэм и лъахэхутэ кьудамэм, лэжьыгъэр зыубзыхуэметодикэ кьудамэр и дэIэпыкъуэгъуу. Иужьрейм и гъэкIуэкIу Атэлыкъ - Парзиевэ Мирэ кьызэхуэсахэм хьэщIэхэр яригъэщIыхуащ. Апхуэдэ «Нюр» сабий журналым и редактор нэхьыщхьэ, усакIуэ Мусукаевэ Сакинат, а журналым и редколлегием хэт, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и кьуэдзэ Шаваевэ Разият, Налшык и курыт еджапIэ №9-м адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкIэ и егъэджакIуэхэр, абыхэм я гъэсин ныбжьыщIэхэр. Мирэ тепсэльыхьащ адыгэбзэр фIыуэ езыгъэльэгъуа цIыхухэм, анэдэлъхубзэм и кьежьапIэр унагъуэр зэрыарам, нэгъуэщIхэми. «Анэдэлъхубзэр сабийхэм егъэджыныр адэанэм я хьэкIащ. Зи бзэм ирипсалъэ сабийр адрейхэм нэхьрэ куэдкIэ нэхь кьуелейщ», - жиIащ Мирэ.

Адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ зэрызэпхам, абы ирипсалъэхэм, ритхэхэм я зэпыщIэныгъэм и щапхъэу Мирэ къеджащ КIыщокъуэ Алим и «Псалъэ», Кулиев Кьайсын и «Ученому языковеду» усэхэм. А тхакIуэшхуитIр Хэку зауэшхуэм щызэрыщIыхуауэ зэрыщытам, Кулиевыр уЗэгъэ щыхъуам Алим кьызэрыригъэпам, ныбжьэгъу Iущыщокъуэми Кулиевми яIэщ а зэныбжьэгъугъэр кьызыхэсщ. КIыщокъуэми Кулиевми яIэщ а зэныбжьэгъугъэр кьызыхэсщ. Шэч хэмыльу, нджыпсту кьэкIуэкI льэпкъ зэхэгъэк Iуэху епIыкIэм пэщIэщIэр, зыдэплъеин хуейри нэхьыжь Iущхэм кьытхуагъэна тхыгъэхэм уэсят палъэу кьыхэщ гупсысэрщ.

- Анэдэлъхубзэр тхъумэн хуейуэ ди кьалэнщ нобэ псэу, лажьэ щыхуэм, - жиIащ Атэлыкъ - Парзиевэм. - Тегъэщlапlэ тщIыри «Нур», «Нюр», «Солнышко» сабий журналхэрщ. Сыту жыпIэмэ, щыкIу щIыкIэ кьамыщта, фIыуэ ямылъэгъуа бзэм балигъ хъуа нужь гу хуащIыжьынукъым, и курыхьр, и Iэфыр зыхащIэжьынукъым.

Адэкlэ Мирэ псалъэр иритащ лъахэхутэ кьудамэм и лэжьакIуэ Жолабовэ Ларисэ. Ар кIэщIу тепсэлъыхьащ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм и тхыдэм, ар ильэс зыбжанэ хъуауэ зэрагъэлъапIэм, дунейм тет бзэ мин бжыгъэхэм щыщу дэтхэнэри абы ирипсалъэхэм деж кIэ зэрыльапIэм.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ, щIэщыгъуэ ящIащ Налшык къалэм и 9-нэ курыт еджапIэм и гъэсэжьм. Алмэ Марие иригъаджэхэм ящыщу ПщIыукI Алинэрэ Пекъуэ Инарэрэ гъэхуауэ къеджащ адыгэ усэхэм. Чочаевэ Анжелэ иригъаджэ Биттировэ ФатIимэ кьызэхуэсахэр иригъэдэIуащ езым итха усэм. Балъкъэр усэ кьеджащ Эристаевэ Аминэ (егъэджакIуэр Бозневэ Санятщ.

ЗэIущIэм кьрихьэлIахэм гъащIэгъэун ящыхъуауэ едэIуащ Мусукаевэ Сэкинат и гукъэкIыжхэм. Ар тепсэлъыхьащ и сабиигъуэм, нэхъыжьхэм Iущыгъэу ядилъэгъуам, кьыщалъхуа кьуажэм, хьэблэм дэтха хабзэ дахэхэм. Сэкинат бзэр зэригъэIурыщIэм, усакIуэ зэрыхуам и лъабжьэу кьилъытэр зыщIалIыкIа а хабзэ-нэмысырщ.

КIУЭКIУЭ Хьэ1ншэт.

Атэлыкъ - Парзиевэ Мирэ зэIущIэр къызэIуех.

Гугъэри гукъеуэри зэпха

Мыкъуэжь Людмилэ и псалъэ.

ЩIалэгъуалэр къофэ.

Бзэм темыпсэлъыхьа, абы и мыхьэнэм и гугъу зымыщIа усакIуэ щыIэу къыщIэкIынкъым. «Си анэдэлъхубзэу льапIэ, уэ уIэжмэ, лIэжащ льапIэкъыр», «Си анэдэлъхубзэу си псэ, си анэдэлъхубзэу си нэ, щхьэ уцымыIужрэ уэ къабзэу нобэ адыгэ унэ?!», - жиIащ Бицу Анатолэ, «Пщэдей сэ си бзэр кIуэдыжынумэ, сыпIэну нобэ сыхьэзырщ» (Гамзатов Расул), «КIуэджьмэ си адыгэбзэр, хэкIынущ си адыгэпсэр» (Мыкъуэжь Анатолэ), «Адыгэбзэр зэзмыгъыщIэу урымсбзэр сщIэн спэкIакъым», «Бзэ зимыIэщIыльэм тетми, хуэдэ къабзащ къымыхуам» (КIыщокъуэ Алим), нэгъуэщI щапхъэ куэди къыпхуэхьынущ.

КъЫЗЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ, Урысейм ис лъэпкъхэм я бзэхэр зратка «тхылъ пIыкIэм» нах-дагьыстэн, абхъаз-адыгэ, фин-угор бзэ гупхэм щыщу 20 зэрихуар, ахэм я нэхъыбэр кIуэдыжьным зы мащIэ фIэкIа имыIэжу жаIэу. Ахэр хъумэным, егъэдэкIуэным иужьрей зэманым щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм мыхьэнэ ирату зэрыхъуам ущымыгуфIыкIыу кьанэркъым.

КъБКъУ-м и педколледжым щоджэ льэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым кьыхэкIа студентхэр. Иджыблагъэ абыхэм ягъэлъэпIащ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэр. Махуэшхуэр, яуБзыхуауэ щыта ЮНЕСКО-м и конференцым и 30-нэ сессием хэтахэм, 1999 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм. 2000 гъэ льандэрэ ар илъэс кьэс мазаем и 21-м ягъэльапIэ.

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ къэрэшей-балъкъэрыбзэмрэ епха Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм тепсэлъыхьащ педколледжым и еджакIуэхэу Пэфыф Марьянэрэ Гаев Зэхьаррэ.

- Тхыдэ купщIафIэрэ щыпIэ тельыджэхэмкIэ бей Кавказым хуэдэ щIынагъуэ кьэгъуэтыгъуейщ. ЗэгурыIуэзэдэIуэжу мыбы щопсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд. Кавказыбзэхэр гупищу гуэшащ: абхъаз-адыгэ, нахдагъыстэн, картвелы, абхъаз-адыгэ бзэ гупым хохьэ адыгэ, абхъаз-абазэбзэ къудамэхэр, убыхыбзэр. Иужьрейр къудамитIым я зэхуаку дэтщ (адыгэбзэм нэхь и гъунэгъущ икIи нэхь ещхьщ, ауэ абхъазыбзэм щыщ куэди хэлъщ), ди жагъуэ зэрыхьунщи, кIуэдыжа бзэхэм ящыщщ. Абхъаз-адыгэ бзэхэм ирипсалъэхэм я бжыгъэр мелуан зыбжанэм щIегъу. Абы щыщу Урысейм щопсэу мин 767.660-р. Щхьэхуэу къэдгъэлъагъуэмэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэм ирипсалъэхэр къэрал 45-м щIигъум щыIэщ, нэхьыбэу Тыркум, хьэрыпкъэралхэм, США-м, - жиIащ Марьянэ. Абы и псалъэм кьыхигъэщащ анэдэлъхубзэм гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэр. И гупсысэр зэрыщIигъэбыдэж суи кьеджащ.

- Балъкъэрхэмрэ кьэрэшейхэмрэ льэпкъыжьщ, - жиIэ Гаев Зэхьар. - Балъкъэрыбзэмрэ къэрэшеибзэмрэ хохьэ тырку бзэ гупым. Дропагэ ди бзэр зэрыпсэуам, абы кIуэ пэтми зеужь, абыкIэ льэпкъ мэгупсысэ, усэ зэхэльхьэ, иропсалъэ. Балъкъэрхэм кьхэхкIащ льэпкъыр зэрыгушхуэ цIыхушхуэхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр. Апхуэдэхэщ генерал цIэрыIуэ Шахаров Абай, Совет Союзым и ЛIыхъужь, кхъухьлъатэзехуэ Байсултанов Алим. Балъкъэр усыгъэр зыIэтахэм ящыщщ Мечиев Кязим, Кулиев Кьайсын, Зумакуловэ Танзиля. Льэпкъым ехьулIэныгъэ щыIэзыригъэхьащ щIэныгъэми. Я цIэ кьиIуапхъэщ физик, �щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и академик Энеев Тимур, академик, Къэрал Думэм и депутат Залиханов Михаил сымэ. Мы зэманым щIэныгъэ зэхуэмыдэхэм я кандидату, доктору 320-рэ лъэпкъым иIэщ. ЗэфIэкIышхуэ кьагъэлъагъуэ «Балкария» кьэфакIуэ ансамблымрэ лъэпкъ драмэ театрымрэ. Балъкъэр лъэпкъыр сыт щыгъуи цIэрыIуэщ и IэпщlэлъапщlагъэкIи. Нобэ дгъэлъапIэ махуэр мыхьэнэ зиIэщ, дауэ мыхьуми, бзэр - ар ди хьугъуэфIыгъуэщ, тхъумэн, щIэблэм деж нэтхьэсын хуейщ.

Педколледжым адыгэбзэкIэ щIэзыгъаджэ Мыкъуэжь Людмилэ гукIэ кьеджащ КIыщокъуэ Алим и «Эмирым папщIэ сэшхуэ» романым щыщ пычыгъуэрэ Гъубжокъуэ Лиуан и усэрэ. Абы щыму кьедаIуа еджакIуэхэм я нэгум кьищыр я бзэр псэкIэ зэрызыхащIэр.

Педколледжым и лэжьакIуэ Аппаевэ ФатIимэ зэхьихьэм кьекIуэлIахэр щыгъуазэ ищIащ Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм ехьэлIауэ мазэ гъунэгъум ирагъэкIуэкIыну зэхуэсхэм. Апхуэдэу, ётIуанэ, ещанэ курсхэм щIэсхэм папщIэ, бзэхэмкIэ олимпиадэ кьызэрагъэпэщынущ, блын газет нэхьыфI гъэхьэзырыныкъым кIи зэхьэзэхуэ екIуалэныну. Тастэпэм и 26-м анэдэлъхубзэхэр зэрегъэджыпхъэм теухуа конференц щыIэнущ. Абы хэтынущ бзэ щIэныгъэхэм я лэжьакIуэхэр, КъБКъУ-м, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым щылажьэхэр, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным я лIыкIуэхэр. А махуэм къызэщIакъуэжынущ зэхьэзэхуэхэмрэ олимпиадэхэмрэ кърикIуэхэр, кьыхэжаныкIахэри ягъэлъапIэнущ.

Еджапlэм щIэс студентхэр адыгэ, балъкъэр, къумыкIу, шэшэн, ингуш бзэхэмкIэ усэхэм гъэхуауэ къеджащ, Бозиев Сультlанрэ («Амикс» уэрэджыкIуэ гупым хэтщ) Гергаджевэ Хьэлимэтрэ уэрэд жаIащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Студентхэр утыкум итщ.

Зэхьихьэм кьрихьэлIахэр.
Сурэтхэр МАМИЙ Руслан трихащ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

● ГушыIэ

Умыщхьэхыу дауэ упсэлъэфрэ?

Пащтыхьым унафэ ищIри, дунейм щхьэхьнэу тетым я нэхъ щхьэхьнэ дыдэу тIу кIэригъэшащ.

ЩхьэхьнинтIыр гум кIыхьу илът, загъэхьеин щхьэхэку.

Пащтыхьыр кIыщIэкIри, жиIащ:

- МафIэ щIэвдзэт!

МафIэ щIадзащ.

МафIэр кIуэурэ щхьэхьнинтIым я дэж щынэсым, ису щIидзащ.

- МафIэм дис си гугъэщ, - жиIащ зым.

- Уа, умыщхьэхыу дауэ упсэлъэфрэ! - кIыпидзыжащ етIуанэм.

● ТхакIуэ ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ IэкIхэр

УпщIэ нагъыщэ

ТЕЛЪЫДЖЭУ зэхэджащ цIыху гъащIэр. Гъэщ-гъуэнми кIыщынэркъым абы и кIуэгъэнапIэ-быдапIэ куздым уи нэр кIыхьэтепхыныр, ар плъыфбэу, къуэпсыбэу, нурыбзу икIи къуэбзыкъабэу зэрыхуэм укIэльыпльныныр. КIыпхуэмыпщытэным хуэдизщ зэрыупщIэ нагъыщэ зэгъэзуныпхъэу а гъащIэм кIытлъыкъунгъэкI жыхуэпIэр. Жэуапым я нэхъ пэжыр къэулъэпхъэщыным, хэкIыпIэм я нэхъ захуэр къэгъуэтыным зэманэ тедгъэкIуадэри лъытэгъуейщ.

Узыфэ Iэубыдыпlэншэм Iэпкъльэпкъым зэрызэригъашэм хуэдизу, зэрыкуIэ нагъыщэ куздым увыIэпIэ зыкъысхуащIащ. ЗэщIаблащ, зэщIащтащ, зэщIаубыдащ си гъащIэр. ДэнэкIэ тесIуантIэми, дэздэхьми, къэзгъэшми, сикIуэтми - дапщэщи си гъуэгур ауфэбгъу, гъуэм кхрахуа благъуэу къыспотIыщ. ГурыфIыгъуэмрэ нэпльэгъуэмрэ зы бэлыхь есщIами ярейуэ, спагъэжьыжь. Си фэм симытыжу фагъуэ сащI, фэтегъуэ сихъукIыними увыIэгъуэрэ тепыIэгъуэрэ ямыщIэу Iуэхур ирашалIэ, лIэныгъэр Iэфыпис къысщащI. Фащэм я нэхъ дахэр зыхуэзгъэфащэу хэIэтыкIа нагъыщэ пагэкIэ зэщIэзуджа си лъагъунигъэ дахащэми къыллагъэс я щхьэхъ шынагъуэр, къопэбжьауэ, къуэныкъуэкъу яфIэщыпсу. Си гур тIу иращIыкIыну къыхуодзэлащхэ. Я щхьэр ягъэщхьарэ езэш ямыщIэу къытоуIуэ, къоПэстхъ. Зы дакъикIи псэхугъуэ ирагъахуэркъым яуIэу зэлъпэуэжыну гу тхъэмыщкIэр. Зы Iэмали къысхуэгъуэтыркъым икIуэта из зэрымахъужыр къагурызгъэIуэну. ГъырпэIуэр псэкIуэду ирызагъэхьэкI си гъащIэр. ЩIэращIэу, щIэщыгъуэу, щIэхъуэпсымрэ щIэбзгъымрэ ебзкIыу зэгъэр сызыхэпсэукIа гъащIэр. Лъэгуажьэмыщхъэ захуэсщIу селъэIуа, си щхьэр яхуэзгъолъхъэша пэтми, я фIэщ схуэщIыркъым гум уегуаэу зэрымыхъунур - ар ныкъуэдыкъуэу, къыхуэныкъуэ щымыIэжу, къенжьыр къыхуэкъуэпIу къэплъэнэф пэлъытэу дунейм зэрыщыхъулеинур, зэрыщылеинур. ИтIани сызэхахъым, къыслхуэдэгущ. ГунтIщхитIу сагъэпсэунрэ яфIэкъабылу лей къыстрагъэхьэ, хьэм ирагъэхь къупщхьэжьу, си гум къодзэгъу. Ауэ зэкIэ пэлъэщхъым, яхуэгъэщащэркъым, яхуэныкъуркъым. Яхуэныкъуркъым быдэ дыдэу зэрыубдауэ, фошыгъупсым хэльэфа Iэфы IгъэкIэ псыхьыжауэ гу курыкупсэм лъагъунигъэр зэгъэщIащи, дыгъэ биим къыхуа Iуданэ дыщэнскIэ и гъунэхэр къэдыкьыжащи. МыщIэ цIу цIыкIуу гум итIыхьащи, Iэрымылъхъэнэрымылъагъэ бзуубзэ макъкIэ псэм епсэлъащи. Пользщ, дзыхэркъым икIи икIуэтыркъым ар. УпщIэ нагъыщэу къыпэщIэуэр зэрарищIыкIыфыи, я лъапси я къуэпси зэрыщIигъэхуфын къару лъэщ къызэрыкъуэкIыфынум ирипагэрэ ириину, къащыдыхьэшхрэ къащIэнакIэу гум къоцIуукI, къолындыкI, къогуфIыкI...

ЖАМБЭЧ Рабия.

● Бжьыгъэхэр

«Крепкий орешек-5» фильмым текIуэдар

Ар щытрахым каскадер 30 хэтащ. Абыхэм ящыщу тIуи Уиллис Брюс нэхъ гугъуу ищIэн хуей псор зэфIагъэкIащ.

* * *

Фильмыр щытрахым «Мерседес» 70 къагъэсэбэпащ. Абыхэм я нэхъыбэр къутащ, пщIыж мыхъуну.

* * *

КиноIэщIагъэлIу 500 кърагъэблагъащ фильмыр щытрахым. Абыхэм ящыщу 400-р зенгрт.

* * *

Уиллис, и щхьэгъуэр, къалъхуагъащIэ и пхъур щыпсэуа унэр доллар мин 16 и уасэт. Будапешт и курыкупсэм ит, кьатищ хьу унэр зы мазэм доллар мини 4-кIэ бэджанду яту арат. Ауэ ар зейм щIэсынур хэтми къыщищIам, доллар мини 8-м нэс уасэр дригъэуеящ. Сыт ящIэнт продюссерхэм - мазитIкIэ къыхуащтащ ар лъхъужь нэхъыщхьэм.

* * *

Беларуссым щащI «Ми-26»-р фильмым къыщагъэсэбэпыным доллар мин 400 трагъэкIуэдащ. А ахъшэм и Iыхьэ плIанэр кхъухьлъатэм и гъэсынпхъэм ихьащ, адрейхэр кхъухьлъатэзехуэхэм, щIылъэм щыкIэлъыплъхэм, машинэр зыхуей хуэгъэзэным текIуэдащ.

* * *

Фильмым трагъэкIуэдащ доллар мелуани 125-рэ. Абы щыщу мелуан 50-р фильмыр щытраха Венгрием къыщынащ. Адрейр актерхэм я лэжьапщIэм, фильмым ехьэлIа нэгъуэщI Iуэхуэхэм трагъэкIуэдащ.

ТХЬЭМЩIЫГЪУР кьабзэу ялъэри, псы щIыIэ зэрыт шыуаным иралъхьэ, шыгъу хадзэ, зэфIыуэ кьыстрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр кьытрахыурэ, мафIэр щIыкIу ящIри, шыуаныщхьэр тепIаэу дакъикъэ 40 - 50-кIэ ягъавэ. ТхьэмщIыгъу вам Iэпэр хощатэ. Ар лэпсым кьыхахри тIэкIу ягъэупщIыIу, итIанэ лыхьэжым щIагъэкI е яуб. АдэкIэ гузгуш лэпсым кьытекIа дагъэ е тхъу шыуан щхьэхуэм ракIэ, кьагъэплъри, щIыкIущIыкIуу упщIэта бжьыныщхьэ укъэбзам шыбжий плыжжь хьэжа сыр халхьэри, дакъикъэ зытIукIэ ягъэлыбжьэ. Абы гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIа хакIуэтри, чымчыркIэ зэIапIэурэ, тхъуэпль хьуху ягъажьэ. ЗэрызэIащIэм хуэдэурэ, абы тхьэмщIыгъу хьэжар халхьэ, ар зыхэвыкIа лэпсым щыщ хакIэри, зэIащIэныр зэпамыгъэуэу, дакъикъэ 25 - 30-кIэ ягъавэ. Хьэзыр хъуа шыпсыр мафIэм кьытрахыж, тIэкIу ягъэупщIыIу, абы зэIащIэурэ бжьыныуэ уба халхьэ, джэдгын траудэри, и щхьэр тепIаэу дакъикъи 5-6-кIэ щагъэт. Щхьэтхъуэпсым дахэу, и щхьэм дагъэ тету, мэ дахэ иЕу щытын хуейщ. Яшх пщтыру, пIастэ, мэжаджэ, чыржын, щIакхъуэ щIыгъуу.

Халхьэхэр (цIыхуитIыкIэ):

ТхьэмщIыгъуу - грамм 400

Псыу - грамм 920-рэ

Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 30

Тхьууэ е дагъэу - грамми 100

Шыгъуу - грамм 22-рэ

Гуэдз хьэжыгъэу - грамм 30

Лэпсу - грамм 690-рэ

Бжьыныхъ укъэбзауэ - грамм 20

Шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

● Шхыныгъуэхэр

Гуэгуш тхьэмщIыгъу шыпс

● ГушыIэ

Умыщхьэхыу дауэ упсэлъэфрэ?

Пащтыхьым унафэ ищIри, дунейм щхьэхьнэу тетым я нэхъ щхьэхьнэ дыдэу тIу кIригъэшащ.

ЩхьэхьнинтIыр гум кIыхьу илът, загъэхьеин щхьэхэку.

Пащтыхьыр кIыщIэкIри, жиIащ:

- МафIэ щIэвдзэт!

МафIэ щIадзащ.

МафIэр кIуэурэ щхьэхьнинтIым я дэж щынэсым, ису щIидзащ.

- МафIэм дис си гугъэщ, - жиIащ зым.

- Уа, умыщхьэхыу дауэ упсэлъэфрэ! - кIыпидзыжащ етIуанэм.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэхэр къуршым итщ.
Сурэтыр **Грузинский П. И.** *ищIащ. 1842 гъэ*

● Хъуэхъуэр

Гъатхэпэм и 3-м къыщалъхуа махуэр ягъэлъапIэ Мэршэнкъул (ХьэфIыцIэ) Лидэ Мусэбий и пхъумрэ Мэршэнкъул Аслъэн Хьэсэн и къуэмрэ

Дахагъэу дунейм тетыр къызыдэуш гъатхэм халъхуа, фIыуэ тIъагъу, пщIэнпхуэ зыхуэпщI эзанэзэкъуэм узыншагъэ быдэ фиIэу, гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ фи Iэпэгъуэу, гъащIэм и Iэфыгъэ псори зыхэфщIэу Тхъэм фигъэпсэу.

Лидэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэ унагъуэм и гуащэ Iумахуэу, дахагъэмрэ гумащIагъэмрэ и Iэпэгъуэу къоГъуэгурыкIуэри, адэкIи ефIакIуэу, зи ущиякIуэ и щIэблэм я насыпым иригушхуэу, абыхэм я ехъуIэныгъэхэм и лэжь щIигъэкIыу, нэмыс къыхуащIрэ и пщIэр яIэту куэдрэ дуней дахэм тетыну ди гуапэщ.

Аслъэн дыхуохъуахъуэ и гъащIэ гъуэгур дахэу, и лэжьыгъэм я ныдэ ирагъуэ, и гур щызрэ насыпыфIэу, и гурылъхэмрэ гъащIэмрэ зэтехуэу, къызыхэкIа лъэпкым и пщIэр иIэтрэ и IуэхущIафэ дахэхэмкIэ цIэрыIуэу псэуну.

Фи Iыхьлыхэмрэ фи благъэхэмрэ.

● ЖыIэгъуэхэр

Лъагъунигъэм и къарур

ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъыр ищIэр машIэу къыщыхъужу сытым дежи едэжрэ.

* * *

Зыгуэрым пэжу гу льитащ: псори куэдрэ псэуну хуейщ, ауэ жьы хьуну зыри хуейкъым.

* * *

Цыхуэм и хьэлыр аращ, арэзы къыдэхъураш гулытэ нэхъыбэ зыхуищIыр.

* * *

Псом нэхърэ унэхъ Iуащу закъыфIэбгъэщIыныр къызыхэкIыр акъылыншагъэрщ. Губзыгъэр сытым дежи зэпIэзэрыщ.

* * *

Дэтхэнэми къыфIощI езым хуэдэу фIыуэ зылъагъу щымыIэу. Аращ лъагъунигъэм къару хуэхъужри.

* * *

Зыгуэрым ущыхъэныкъуэм хуэдэ дыдэу фIыкъым зыгуэр къобжьIыу уиIэнри. Абы и уасэр мэкIуэд, ар нэхъ Iуэхуфэ дыдэу щыт-ми.

* * *

НэгъуэщIым щхьэкIэ жыпIэм хуэдэ дыдэщ уэри къыпхужаIэр.

* * *

УщIэльаIуэм хуэфэщэн фIыщIи къыкIэльыкIуэн хуейщ.

* * *

Цыхухъум хуримыкьу псори цыхубзым хэльщ.

* * *

ПщIэншэу бгъэкIуэда зэманым куэд пIех, ауэ дерсыфI къыхьбох.

ХЬУРЕЙ Феликс.

Псалъэзэблэдз

ИхъуреягъкIэ къыкIухьу: **13.** Пхъэ пкIэльейм и Iыхьэ. **14**. Бжэгъу кIыхь, къурагъ гъум. **15**. ПшахъэщI. **16**. Сталиным нужькIэ къэрал унафэщIу хаха. **17**. Къуарэ лъэпкъ. **18**. Адыгэ генерал. **18**. ГуфIэгъуэ Iэнэм щыжаIэ псалъэ дыгъэл. **19**. Щыгъыным хищIэ хьэпащIэ. **20**. Бзаджэнаджэ, цIыху псэ фIей. **21**. Зыгуэр иракIуэгэн хьисэнкIэ ящыхьа тхъыпльымпIэ. **23**. Уи мыIуэху зепхуэмэ, уи щхьэм кьытехуэнкIэ хьунущ. **24**. Фочышэу къагъэсэбэп бдзапщIэ хьурей цыкIу. **25**. Хадэжкl. **26**. Ди Налшык зоопаркым апхуэдэ псэущхьэ исщ. **27**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, абы и щхьэр умытIатэу хьэ илърэ ху ильрэ къыпхуэщIэнукъым. **28**. Ди гъунэгъу нысащIэр и ... кIуэжьрейщ. **29**. ЛъагапIэ. **30**. Хъэцэпэцэ къэкIыгъэ. **31**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслымэн Iуэхущ IапIэм и Iэтащхьэ. **32**. ЖЬэ бзаджэ зиIэ цIыху дыдж . **33**. Хадэхэкl. **34**. «СыкIуэнт нэхъ псынщIэу схуэзэфIэкIым, мычэму си шыр согъэльэхьу, ... уэ фIыкIэ унгу сыкъэкIым, си гъуэгу кIыхь хьуну кьыхэзэхъуэу» - КIыщокъуэ Алим и уэз нэхъ щIэрыIуэзхэм ящыщ зым щыщщ. **35**. Шы къызэщIэплъам къыщхьэщих бахьэ. **36**. Балъкъэрхэм кьыдагъэкI газет. **37**. Шым и «вакъэ». **38**. Лэжьэрейм и Iэгум тришIэ фэ Iув пхъашэ. **39**. Дзыгъуэхэм, шыдырхъуохэм я унэ. **40**. Ди щIыналэм щыIэ псыежэхышхуэ. **41**. ПсыпцIэ къуалэбзу пщэ кIыхь, лъакъуэ кIыхь. **42**. Жьхафэгу. **43**. Къэбэрдейм и нужьрей пщы уэлий Жанхъуэт ... **44**. ЩIалэр гъуэгуфIым ... джэгуну екIуэкIащ. **45**. Ахъшэ жьгъей. **46**. Ху къызыщIаIукI къэкIуэгъэ. **47**. Вакъэ лъапщэ кIыхь. **48**. ... егъу нэхърэ ныбжьэгъуфI. **49**. Адыгэ драматург, тхакIуэ. Абы и цIэр Налшык и уэрамхэм ящыщ зым зэрехьэ. **50**. ... фIэдахэр псэм фIэIэфIщ. **51**. ЩIыуэм зэреджэ нэгъуэщIыцIэ. **52**. ЩIакхъуапхъэ. **53**. Район зыбжанэм пIалъэ-пIалъэкIэрэ я унафэщIу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхьжьэ. **54**. Ди къэралым фIыуэ къыщацIыху адыгэ уэрэджыIакIуэ Iэзэ, Урысей Федерацэм и цIыхубз артист.

И кумкIэ кIуэу: **1.** Убэлэрыгъамэ, абы мэлым Iнсарфыщ Iэр хилъхьнущ. **2**. Бдзэжьей лIуэжьыгъуэ. **3**. Адыгэ театрым и джэгуакIуэ гъуэзэджэгу щIыгъынщ. **12**. Лъэдийм рлъэгуажьэмрэ щIэзыгъанэ, лъэгупс зыпымыт цIыхухъу щыгъын.

Гу зылъытахъэ: ихъуреягъкIэ къэзыкIухь псалъэхэм зым и кIэухыр къыкIэлъыкIуэ щIэдзапIэщ. *Щапхъэ:* мэл - лыжьжьэгу.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мазаем и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ИхъуреягъкIэ къыкIухьу: **13**. Бэщмакъ. **14**. Кьыздэхьу. **15**. Хъуп. **16**. ПхъэщIы. **17**. Чэтан. **18**. Нэхъщ. **19**. Щыщ. **20**. Щыкьу. **21**. Къуэпс. **22**. Сэмб. **23**. Бэлыхь. **24**. Хьэх. **25**. ХытIыру. **26**. Гуэрэн. **27**. Нартыху. **28**. Хуей. **29**. Пщыпхъу. **30**. ХъумпIэщIэдж. **31**. Дкынасу. **32**. Уафэхьуэпскl. **33**. КIыщ. **34**. Щыхь. **35**. Хьэрщ. **36**. Щэху. **37**. Хуегу. **38**. КIуэ. **39**. «ЛIыщIэж». **40**. ГъущI. **41**. ЩIыIу. **42**. Iущ. **43**. Щам. **44**. Мыдэф. **45**. Фошыгъу. **46**. Гъэмб. **47**. Бейгуэл. **48**. Кьуентхъ. **49**. Хьер.

И кумкIэ кIуэу: **1**. Амыщ. **2**. БзэмыIу. **3**. ГупкIэ. **4**. Хьэжь. **5**. ХьэтIэпIэ. **6**. Пщэхьу. **7**. ЛэгъупI. **8**. Блащхьэу. **9**. Пхьар. **10**. Арбгъэ. **11**. Арбгынэ. **12**. Цей.



Нэхъыбэ мэхъу

● Мелардырыбжьэхэр

ДОЛЛАРКIэ бжэ мелардырыбжьу Урысейм ихьыт я бжыгъэм хэхъуащ 2013 гъэм. Иджы ахэр цIыхуи 131-рэ мэхъу. СЕО журналым кьыхэрытрадзамкIэ, зы илъэсым кьрирыбыдэу нэхъ кьулей дыдэхэм цIыху 11 кьахэхьащ.

2012 гъэм доллар мелардым щIигъу зиIэ хьэрыфэтыщIэу ди къэралым 120-рэ исауэ аращ, 2011 гъэм ахэр зэрыхьур 114-рэт. Къэралыр кризис лъэхъэнэм кьыщихутам мащIэу щытащ мелардырыбжьэхэр, 49-рэ хьууэ арат. 2008 гъэм Урысейм доллар мелардырыбжэ 101-рэ ист, 2010 гъэм - 77-рэ хьурт.

Зи гугъу тщIы цIыху кьулейхэм я мылъкуми куэдкIэ хэхъуащ блэкIа илъэсым. 2013 гъэм нэхъ бей дыдэу кьальытэ хьэрыфэтыщIэм и мылъкур доллар мелардым 147-рэ мэхъу. Ар нэхъыбэщ 2012 гъэм (доллар мелардри 131-рэ), 2010 гъэм (мелардри 139-рэ), 2009 гъэм (мелард 76-рэ) нэхъ кьулейуэ кьальытам ейм нэхърэ. Ауэ 2011 гъэм Урысейм и нэхъ кьулей дыдэ цIыхуи и мылъкур доллар мелардри 182-рэ хьурт, 2008 гъэм мелард 221-рэ зиIаи щыIащ.

СЕО журналым кьыхэзрытрадзамкIэ, мы тхьэмадэ Усманов Алишерщ, абы доллар мелард 18,72-рэ иIэщ, ари блэкIа илъэсым ельытыгэ процентри 8-кIэ нэхъ мащIэ хьуащ. Хэхъуэ куэд зиIэ цIыхухэм я рейтингыр къэзыщыгъэ «Bloomberg» «Forbes» жьхуиIэхэм кьагъэльагъуэхэмэ япэ ивыпIэр щыгъыд Усмановым. ЕтIуанэ увыпIэр зейр НIМК-м и унафэщIхэм я советым и Iэтащхьэ Лисин Владимирщ, абы и мылъкур доллар мелард 17,2-рэ мэхъу. Ещанэ увыпIэм щыIэр «Реновы» фирмэр зей Вексельберг Викторщ (мелард 15,94-рэ), абы кьыкIэльокIуэ «Альфа-группым и Iэтащхьэ Фридман Михаил (мелард 15,32-рэ).

Зи гугъу тщIы рейтингым етхуанэ увыпIэр щыгъыбдыр Прохоров Михаилщ, абы и мылъкур доллар мелард 15,25-рэ мэхъу.

Нэхъ кьулейуэ пщIым хэтщ «Северсталь»-р зи Iэмыщ1э нэхъ Мордашов Алексей, «Новатэк»-р зейхэм ящыщ Михельсон Леонид, «Базэл»-м и тхьэмадэ Дерипаскэ Олег, «Интеррос»-м и президент Потанин Владимир, «Лукойл»-м и Iэтащхьэ Алекперов Вагит сымэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ШИРДИЙ Марин э

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Марин э** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадин э** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залин э, Кьардэн Марин э, ТкIэпыдж Замир э, Хьэжыкьар э Алик, ЩхьэщэмыщI Из э.**

КьыдзэгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5, еIутIыпIэ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм я дэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм ящу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныыр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмэныжьыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Ширдий Марин э, корректорхэу Щоджэн Нинэ *(1, 2-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъугъуэ* Мырзэкан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ гъэтхым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.155● Заказ №559